Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№30 (24.000) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нобэ дунейм къытехьащ ди газетым и къыдэкIыгъуэ 24.000!

Номер зэхэт 122

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщIалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкIэлъыплъынымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр пхыгъэкIынымкIэ оперативнэ штабым и IуэхукIэКъэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2019 - nCov-м и зэрыщIалэр къыщымыгъэхъунымрэ уз зэрыщIалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум кIэлъыплъынымрэ япыщIа Iуэхухэр пхыгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщ1акIуэ властым и органхэм, Гъэзэщ1акIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я зэпыщIэныгъэхэр зэтегъэувэн мурадкIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщIалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкIэлъыплъынымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр пхыгъэкIынымкIэ оперативнэ штаб къызэгъэпэщын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщIалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкIэлъыплъынымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр пхыгъэкIынымкIэ оперативнэ штаб къызэгъэпэщыжынымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр къэуштэн мы унафэм и гуэдзэнымкIэ зэриштыр хуэдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщIалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкIэлъыплъынымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр пхыгъэкIынымкIэ оперативнэ штабым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщIалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкIэлъыплъынымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр пхыгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщ1акIуэ властым и органхэм, Гъэзэщ1акIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я зэпыщIэныгъэхэр зыгъэгъэзэн пэщIыну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм, гъатхэпэм и 13-м
№29-РГ

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Лъэпкъ тхыбзэм и махуэр «Адыгэ Iуэрытхк1э» ягъэлъап1э

Ди лъэпкъэгъуэ дунейм тетым Адыгэ тхыбзэм и махуэр ягъэлъапIэ гъатхэпэм и 14-м. Абы ирихьэлIэу ДАХ-м и жэрдэмкIэ ди лъэпкъэгъуэхэр зэуIуу зэрыс республикэхэмрэ къэралхэмрэ щекIуэкIащ «Адыгэ Iуэрытх». Адыгэбзэм и пщIэр хъэIэтын, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэр хэгъэхъуэн пащIэ зэхаша Iуэхугъуэр ДАХ-м къыдаIыгащ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк1э и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, ДАХ-м хэт хасэхэм.

«АДЫГЭ Iуэрытхыр» нэгъабэ япэу ирагъэжьа Iуэхугъуэщ. Дигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс ипэ КъБР-м мы Iуэхугъуэм хэтыну жэрдэм зыщIам я бжыгъэр цIыху минитIым щынэсырт. КъыззгъэпэщакIуэхэм зэрамыгугъауэ, 2020 гъэми ахэр жыджэру хэтащ Iуэрытхым. Псом хуэмыдэу цIыхушхуэ къекIуэлIащ КъБР-м я Iуэхугъуэм щыхухаха щIыпIэу КъБКъУ-мрэ Лъэпкъ библиотекэм и пэш хуитышхуэмрэ. АдыгэбзэмкIэ яхуэзфIэкIыр къахутэну жэрдэм зыщIахэм яхэтт жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, газетхэм, радиом, телевиденэм я журналистхэр, нэгъуэщI куэдри.

Сыхьэт 15-м Лъэпкъ библиотекэм къекIуэлIахэм яхэтт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iэтащхьэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ЗэзыгъэуIу советым и пашэ Къалмыкъ Жылэбий, Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI Емуз Анэтолэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм ЩIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и пашэ Къуэжей Артём сымэ.

Сэхъурокъуэр къыззэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ Адыгэ тхыбзэм и махуэ къэбларгъэмкIэ, фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ жэрдэм зэращIамкIэ икIи къыхигъэщащ мы Iуэхугъуэм лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

(КIэухыр 6-нэ нап.)

● Тхыдэ

Шэрджэс хэхэсхэм я щэнхабзэ гъащIэр

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ «Тетраграф» тхылъ тедзапIэм «Адыгэ хэхэсхэр: щэнхабзэ гъащIэм и теплъэгъуэхэр» зи фIэщыгъэ тхылъыщIэ къыщыдэкIащ.

«ПАНОРАМЭ» жылпхэм итщ дызыэтепсэлъыхь тхылъыр. Абы къикIыр тхыгъэхэм нэхърэ, сурэтхэм яубыд увыпIэр зэрыпэхъ инырщ. Ар къыдэзыгъэкIахэм мураду зэхуэгъэувыжат ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу къэралхэм щIалажьэ Адыгэ Хасэхэм я гъжьыгъэр наIуэ къащIыну, ДАХ-м абыхэм ядрипгъэкIуэкI Iуэхуэхэр зэхуэгъэнэIуэну, ар я щхьэусыгъуэу щэнхабзэм зыщызыIуфIэуа, я ехъулIэныгъэфIэхэмкIэ зыщыпсэу къэралхэми зэрыдунейри цIырIуэ щыхьуа адыгэхэр Урысейм щыпсэухэм ирагъэдIыхуну.

«Гуми псэми къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэщI, Кавказым зэрыпэжьжьэм хуэдэу, ди лъэпкъ хабзэхэр хуэсакъыпэу зыхъумэжьхэм. Дунейпсо Адыгэ Хасэм лъэкI кьигъанэркъым абыхэм зэрапыщIа ныбжьэгъугъэр нэхъ быдэ ищIын, зэгъуэгу зэфIэхыпхъэ Iуэхуфlэхэр кьыдихьн, жэрдэмыщIэхэм япэрыхьэн папщIэ», - щыжеIэ тхылъым и пэублэм ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Адэкlэ тхылъыр зыхуэунэтIамрэ зытепсэлъыхьымрэ и гугъу кьытхуэщI ар зыгъэхьэзыра Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. «Ялп дыдэ Хэкужьым теухуа хъыбар пэж зыIэрыхьар Сирием щыщ адыгэхэрщ, - ироплъэж Мухьэмэд хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэрыубыдыжа щыхъуа гъуэгуанэм. - Ар зи фIыгъэр 1957 гъэм Мэзкуу щекIуэкIа Дунейпсо щIалэгъуалэ фестивалырт. А зэхуэсыхуэм Къэбэрдейм и къэфакIуэхэр, уэрэджыкIакIуэхэр, сурэтыщIхэр, тхакIуэхэр игъэкIуат. Дамаск къикIа ныбжьыкIэхэми адыгэ щIалэ зыбжанэ яхэту кьыщIэкIащ. Апхуэдэ щыкIуэ илъэсищ и пэкIэ зэфIэкIуэдауэ щыта зэдэлъхуэ-зэшыпхъухэр Мэзкуу щызэрыгъуэтыжауэ щытащ».

Тхылъым хэхэс адыгэхэм я щэнхабзэ гъащIэр кьыдэзыIуфIыщIа сурэт 282-рэ ихуащ. Абы и напэкIуэцIхэм ущрохьэлIэ лIэщIыгъуэ зыбжанэ и пэкIэ дунейм кьыщащIыхуа щэрджэс сулътIанхэм, пащтыхь гуащэ хъуа адыгэ бзылъхугъэхэм, дзэзешэхэм, кьулыкъущIэхэм, артистхэм, спортсменхэм, кьызэщIэубыдауэ жыпIэмэ, цIыхум игъэльапIа сыт хуэдэ Iэщ1агъэми дунейм кьыщыхэжаныкIа ди лъэпкъэгъухэм. А псор хъыбар кIэщI-кIэщIурэ кьытхуеIуатэ «Хэхэс адыгэхэм я щэнхабзэ гъащIэр» Iыхьэм.

Журналист лэжьыгъэ нэхъ убгъуахэм я гугъу пщIымэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ «Шапсыгъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Ныбэ Анзоррэ я тхыгъэхэу тхылъым ущысыбзэкIэ ихуахэм къакIэлъокIуэ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэ Нэщ1эпыджэ Замирэ анэдэлъхубзэкIэ игъэхьэзырахэр.

Панорамэм уриплъэмэ, уигу кьинэр зыщ: дэнэ лъэныкъуэкIи щыпсэу хэхэс адыгэхэр лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэр яхьэмэным, зыщыпсэу хэгъэгу хэм я цIэр фIыкIэ кьыщрагъэIуэным, итIанэми ягухэм Хэкужьыр ирамыгъэутIыпщынымь хуэунэтIащ.

Тхылъыр нобэ, гъатхэпэм и 14-м, ДАХ-м кьеблагъэ хьэщIэхэм тыгъэ хуащIыну я мурадщ. Урысей Президентым и грантхэр зыт фондым и мылъкукIэ кьыдэкIащ зи гугъу тщIы альбом зыкъызыхьр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 14, щэбэт

♦Адыгэбзэм и махуэщ. 1853 гъэм кьыдэкIащ Бырсей Умар и «Адыгэ псалъэлъэр».

♦Псыежэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦2004 гъэм Урысей Федерацэм президент хэхьыгъэхэр щекIуэкIащ. Абы ипкъ иткIэ етIуанэ пIалъэкIэ а кьулыкъум теувэжащ Путин Владимир.

♦1913 гъэм кьалъхуащ абхъаз тхакIуэ, Куржьмрэ Абхъазымрэ гъуэзджэхэмкIэ щыхьэ зиIэ и пэжьакIуэ **Гулиа Георгий**.

♦1937 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, литературэдж, критик, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щыхьэ зиIэ я пэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид**.

♦1976 гъэм кьалъхуащ къэрал кьулыкъущIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 16 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 15, тхьэмахуэ

♦Щ1эхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Кьэзрал1хуэ илъэси 140-рэ ирокъу адыгэ щыхьэ лIыхъужь **Кьылыш СулътIанджэрий**.

♦1913 гъэм кьалъхуащ адыгей драматург, актрисэ, критик **Натхьуэ Долэтхан**.

♦1934 гъэм кьалъхуащ Иорданием и профсоюз лэжьакIуэу щыта, Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ, Хъэшимит къэралыгъуэм и сенатору лэжьа **Къардэн Самир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх кьыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 7 - 8, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 16, блыщхэ

♦Урысейм Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и Iэнатlэр кьыщызэрагъэпэща махуэщ

♦1942 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэнэм я цIыхубэ дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх мащIэ кьыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 7 - 8, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 15, тхьэмахуэ

♦Урысейм Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и Iэнатlэр кьыщызэрагъэпэща махуэщ

♦1942 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэнэм я цIыхубэ дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 16 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 16, блыщхэ

♦Урысейм Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и Iэнатlэр кьыщызэрагъэпэща махуэщ

♦1942 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэнэм я цIыхубэ дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 16 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 14, щэбэт

♦Адыгэбзэм и махуэщ. 1853 гъэм кьыдэкIащ Бырсей Умар и «Адыгэ псалъэлъэр».

♦Псыежэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦2004 гъэм Урысей Федерацэм президент хэхьыгъэхэр щекIуэкIащ. Абы ипкъ иткIэ етIуанэ пIалъэкIэ а кьулыкъум теувэжащ Путин Владимир.

♦1913 гъэм кьалъхуащ абхъаз тхакIуэ, Куржьмрэ Абхъазымрэ гъуэзджэхэмкIэ щыхьэ зиIэ и пэжьакIуэ **Гулиа Георгий**.

♦1937 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, литературэдж, критик, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щыхьэ зиIэ я пэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид**.

♦1976 гъэм кьалъхуащ къэрал кьулыкъущIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 16 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 15, тхьэмахуэ

♦Щ1эхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Кьэзрал1хуэ илъэси 140-рэ ирокъу адыгэ щыхьэ лIыхъужь **Кьылыш СулътIанджэрий**.

♦1913 гъэм кьалъхуащ адыгей драматург, актрисэ, критик **Натхьуэ Долэтхан**.

♦1934 гъэм кьалъхуащ Иорданием и профсоюз лэжьакIуэу щыта, Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ, Хъэшимит къэралыгъуэм и сенатору лэжьа **Къардэн Самир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 7 - 8, жэщым

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Тет мыгубжьрэ дыгъужь мыдзакъэрэ щыIэкъым.

● Пэублэ псалъэ

ПIурылъу зы бзэ, узэдису зыщI

«Ди бзэр ди псэщ» - жаIэ адыгэхэм. Тхыбзэри аращ. Лъэпкъым и анэдэлъхубзэр кьыдэкIуэкIыу, къыщIэхъуэ щIэблэм ар Iурылъу къэтэджыныр уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ. Адрей тхыбзэхэм еплъытмэ, дыдэм къикIуа гъуэгуанэр кIыхькъым, арщхьэкIэ абы зыкIи игъэлъахъшэркъым и лъапIагъыр, игъэмащIэркъым и Iэфlагъыр. Ди лъэпкъым бгъэдэлъ зыужьынырэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэщ ди анэдэлъхубзэр. Аращ усакIуэ гъуэзэджэ КIыщокъуэ Алим адыгэбзэр дэтхэнэ ди цIыхуми и гуэзу къежьапIэу, ди лъэпкъыр зыIэт, адрейхэм езыгъэлъагъу, езыгъэцIыху дамэу, адыгэр дыззэрыгушхуэ, дыззэрыпагэ, ди напщIэм телъ лъапIэныгъэу къыщIилъытар.

ЩIЭНЫГЪЭПIЭХЭМ зэрыжаIэмкIэ, илъэси 160-м щIигъуащ адыгэхэм тхыбзэ диIэ зэрыхъурэ. Абы и щIэдзапIэу ялъытэ адыгэ еджагъэшхуэ Бырсей Умар «Адыгэ псалъалъэ» тхылъыр къыщыдигъэкIа зэманыр: 1853 гъэм гъатхэпэм и 14-р. Ар и тегъэщIапIэу, ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - 2003 гъэм унафэ щхьэхуэ кьишащ гъатхэпэм и 14-р илъэс къэс Адыгэ тхыбзэм и махуэу дгъэлъапIэнным ехьэлIауэ. Ди бзэм хуэфащэн пщIэрэ гулъытэрэ иIэн папщIэ, апхуэдэ лъэпкъпсо унафэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Сыт хуэдэ зэмани ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, хэкупсэ нэсхэр ироплейтей адыгэбзэм зиужьыным, зиужьащIыным и Iуэхум. Пасэ зэманым абы елъэкIахэщ уэзщIакIуэхэу Хьан-Джэрий Сулътан, Нэгумэ Шорэ, Хьэтlохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ. Абыхэм кърахьэжьа Iуэхум пищэу, адыгэбзэм и тхыбзэр зэфIэгъуэзным пэрытащ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. Абы и лэжьыгъэм хагъэхьауэ Бырсейм и ужь ита щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм.

1917 гъэм екIуэкIа Жэпуэгъуэ революцэшхуэм и ужькIэ адыгэбзэм и алфавитыр урыс хьэрфхэм хуагъэкIуауэ щытащ. ИлъэситI-щы нэхъ дэмыкIыу бзэм и макъэр къэгъэлъэгъуэнырэ хьэрыпхьэрфыпхъэм трагъэувэжащ. Абыкlэ къэбзэрдей школхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанкIэ.

1923 гъэм и пэщIэдзэм Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ адыгэбзэм зегъэужьыным хуэунэтIа зэIущIэ ин. Абы унафэ кьыщащтащ адыгабзэ алфавитыр дяпэкIэ латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. А лэжьыгъэм яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хьуран Батий. Абы и алфавитым щыгъуэр щыгъэгъуэзэн мурадыр яIэу адыгэ щIэныгъэлIхэу Елгэр, Хьэсэнэр Хьэшэж, ПIалибрэ 1923 гъэм кьыдагъэкIауэ щытащ «Адыгабзэм и азбукэ» тхылъыр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, алыфбеищIэм хэплъэжа нэужь, абы хэлъ ныкъуэсныгъэхэр игъэзэкIуэжщ, зыхуущIыщIэхэр хилъхьэжри, Хьураным 1924 гъэм «Букварь» къыдигъэкIауэ щытащ.

Хьуран Батий зэхигъэува алыфбейр адыгэхэм илъэс бжыгъэкIэ яхуэлэжьащ. Ар щахьэжар 1936 гъэращ. Абы щыгъуэ адыгэбзэр урыс хьэрфыпхъэм и дамыгъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн щIадзэжауэ щытащ, иджыри абы тетщ.

Мы зэманым псалъэмакъ гуэрхэр иокIуэкI ди алыфбейм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ. ЩIэныгъэлIхэр, къэхутакIуэхэр, адыгабзэр щIэблэм езыгъэщIж, абы ирилажьэ Iэщ1агъэлIхэр, анэдэлъхубзэм и къэкIуэным иригъавэ нэгъуэщIхэри хущIокъу ар ирагъэфIэкIуэну адыгэ псоми зэдай, ди зэхуэдэ хьэрфыпхъэ зэхалъхьэну. Зэкlэ Iуэхур зыми теубыда хъуакъым, ауэ хэзыхуэкащ ар нэхъ тыншу сабийжэм зэребгъэдж хъуну методикэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм я нэхъыбIхэм гъуэгу етын хуейщ.

Адыгэбзэр зыужьыным хэлъхьэным теухуауэ. ЩIэныгъэлIхэр, къэхутакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я закъуэкъым - абы иргуагъавэ къэрал унафэщIхэри. КъБР-м щыпсэу лъэпкъэхэм я анэдэлъхубзэхэр хъумэным, абыхэм адэкIи зегъэужьыным хуэунэтIа унафэ зэмылIэужьыгъуэхэр ди Парламентым кьишащ. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ лъандэрэ республикэм и школхэм ящыщ куэдым пэщIэдзэ къэхъуащ адыгэбзэкIэ щрагъэжьа. Анэдэлъхубзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхьумэныжыкIэ ари зы хэкIыпIэщ.

Дуней псом щызэлъащIыса Интернетми нобэ щыдиIэщ адыгэ сайтхэр. Ди анэдэлъхубзэкIэ кьыдэкI газетхэм - «Адыгэ псалъэм», «Адыгэ макъым», «Черкес хэку» - укъыщегъэжьфынущ, ущыпсэу щIыналъэрэ къэралмрэ ямыпытауэ. Фlыгъэшхуэщ таурыхъ щIэрыIуэхэм ящыщ куэдым хэт, ди сабийжэм фIыуэ яIьалъу лIыхъужьхэрэ адыгэбзэкIэ «эрагъэпсэльар».

Апхуэдэу щытми, лъэпкъыбзэу щыIэхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэм и Iуэхуми узыгъэпIейтей куэд хэлъщ. Абы и щыхьэту Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм бзэкъэм елэжь и кьудамэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъагъуэ адыгэбзэр зызэужь, ефIакIуэ бзэкъэм зэращымыщIыр. Уеблэмэ, ар зыхэт абхъаз-адыгэ бзэ гупым хьихьэхэм ящыщ гуэрхэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэкъэм я Тхылъ Плъыжьым иратхащ.

Лъэпкъым и блэкIари и нобэри кьззыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхьумэныр щыIэр тхыбзэрщи, абы сыт щыгъуи гулъытэ хуэщIыпхъэщ. Аращ Бемырзэ Мухьэдин и «Уадыгэным къикIыр» усэми мыпхуэдэу щыщIыжиIэр:

... **Ещ1ыфыр ялп къэсым хэутэн,**
Лъэпкъыбзэу илъэс минхэм я уэсятыр,
ПльэмыкIыу бгъэшынэн е бгъэукIытэн,
Адыгэ щыхьэр пфIыхауэ ятIэм.
... **ПIурылъу зы бзэ, узэдису зыщI**
Хьэлэлу къыщытепсэкIэ зы дыгъэ
Адыгэу упсэуным кьикIыр зыщ -
Уадыгэну кьыпкъуэкIыныжыр лIыгъэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщI, КъБР-м щыхьэ зиIэ и журналист.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● Тыркум къиIукI макъ

Дяпэкlи дызэкъуэтыну догугъэ

Ди газетыр ялп дыдэу къыщыдэкIар 2005 гъэм и дыгъэгъазэращ. Мазэм зэ дунейм къытехьэу къежьащи, апхуэдэуи макIуэ. «ЖьыНэпсыр» къыщыдэдмыгъэкIыфи къэхъуащ, атIэми илъэс 15 хьуауэ долажьэ. Тыркум щыпсэу адыгэ диаспорэм анэдэлъхубзэкIэ нэгъуэщI газет диIэкъым.

«ЖЬЫНЭПСЫМ» зиужь зэпытщ. НапэкIуэцIиплI къыздэдгъэкIащ газетыр 2016 гъэм и мэкъуауэгъэ пщIондэ, ижькIэ ар напэкIуэцI 12, итIанэ 20 хьуащ. Иужьрей мазэхэм напэкIуэцI 24-уэ дунейм къытохьэ, ятIэ, иужь напэкIуэцIхэр щхьэхъеIэпльыкIэщ. Газетыр къыздэдгъэкIыу дыщыхуежьагъащIэм абы епха хэщIапIэ диIакъым, щIыпIэ гуэрхэм дыщызэхуэсрэ дежьжьу арат. Иджы КIэдыкIуей жылэм редакцэм унэ щыдиIэщ.

Ди корреспондентхэм я гугъу пщIымэ, абы хэхауэ хуеджа IэщIагъэлI къытхэткъым. ЩIэджыкIакIуэхэр кьыхуходожь кьыддэлэжьэну. Лъэпкъым и гущIэм теухуа тхыгъэхэм нэмыщI, «ЖьыНэпсым» къытохуэ абазэхэм, осетинхэм я псэукIэм епхахэри. АнэдэлъхубзэкIэ тхахэр «Сэтэней» напэкIуэцIым тыдодзэ. Абы елэжьхэм ящыщщ Полат Къадир, Бэрэздж Седа, Учакъ Джан, Йылмаз Эрдогъан, Йылмаз Гюль, Сэбахьаттин Чурмыт, Жанбэч Сэрап, Гювен Яшар, Сюрэн Зафер сымэ.

Адыгэбзэм и махуэм щхьэкIэ къэттхахэм хэхэсхэм я гугъу щыдощI. Хасэхэм, еджапIэхэм адыгэбзэ щезыгъэджэхэм, щеджэхэм депсэльащ. Зэгъуэу газет къыщыдэкIыныжкIэ дызэрыздэлэжьам хуэдэу, дяпэкIи дызэкъуэтыну догугъэ.

ЛИЙ Гюль,
«ЖьыНэпсым» и и редактор нэхъыщхьэ.

БЕщтокъуэ Хьэбас

* * *

Бзэр тIащIэкIмэ,
дыдъэпкъкъым.
Акъыл ин уху эмей
КъыбгурыIуэу а тIэкIур
Утетыну дунейм.
Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди лъыр, ди псэр хэпщащ.
Бзэр тхъумэну зымыдэр
Ди биям къагъэщIащ.
Бзэр тIащIэкIмэ, досыкIыр,
ТIащIэкIами дрикъунт.
КIуа лIащIыгъуэм
лъыкIисыкIым
Хищщэжар сыт хъужьи?
Бзэр тIащIэкIмэ, докIуэдыр.
Лъы зыщIэтыр фысакъ.
Псы зыщIэтыр текIуэту,
Вгъэу бзэ хуабэм и макъ.

КъБР, Исламей къуажэ

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ирщ» гуп
ЕщIыкIубгъуанэ джэгуэгъуэ
«Спартак-Налшык» - «Волгарь» (Астрахань)
Налшык. «Спартак» стадион.
Гъатхэпэм и 14. Сыхьэт 14-м.

● Лъэпкъ Іуэху

КъБР

Бзэм и къару лъэщыр

Ди щІыналъэм цІэрыІуэ щыхъуа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм жылагъуэм щиІэ мыхьэнэм куэд щыгъуазэщ. Лъэпкъ зыужьыныгъэм хуэгъэпса а проектыр 1999 гъэм къыхилъхьауэ щытащ «Адыгэ псалъэ» газетым. Зэпеуэр жыдэхэу къыдаІыщ КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министерствэм, Къбэрдей Адыгэ Хасэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм, нэгъуэщІ къэрал Іуэхущіапіэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэныр, бзэр курыт школхэм зэрыщыджыр егъэфІэкІуэныр, апхуэдэуи а Іуэхуэхэм ухуэлажь егъэджакІуэ нэхъыфІэхэр наІуэ къэущІауэ гъэпэжэныр, еджакІуэ зэчиифІэхэр белджылы къэущІауэ гъэгушхуэныр зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

БЗЭРАЩ лъэпкъым и псэр. Лъэпкъыр лъэ бы дэкІэ увныр, абы и тхыдэм, гъуэгуанэм, щэнхабзэм заужьныр, цІыхухэм я зэхэщІыкІым зиужьщІыныр зэлъытар бзэм и кІаурыр. А псори кьалъытащ зэпеуэр хьэхъэзыльхьэхэм икІи абыхэм ятещІыхьауэ я яубзыхуауэ и къалэн нэхъыщхьэхэр.

Апхуэдэхэщ:

- адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ курыт еджапІэхэм зэрыщыджыр егъэфІэкІуэныр;

- егъэджакІуэ пажэхэм я лэжьыгъэм кІэлъыплъыныр, абыхэм фІыуэ, хьэлэмэту къагъэсэбэн Іэмалхэм псори щыгъуазэ щІыныр;

- адыгэбзэр фІыуэ яльэгъуу, я анэдэлъхубзэм къабзэу ирипсальэу щІэблэр къэгъэтэджьныкІэ еджапІэхэм, гъэсапІэхэм щекІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэрегъэфІэкІуэныр;

- адыгэ - хабзэм, лъэпкъ щэнхабзэм щІэблэр щІэпІыкІныр, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр нэхъ зыужьгъуауэ къэгъэсэбэныр;

- лъэпкъ еджапІэ, гъэсапІэ нэхъыфІэхэр къэхутэныр, абыхэм я лэжьэкІэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ гъэлъэгъуэныр;

- еджакІуэ зэчиифІэхэр утыку къышэныр, я зэфІэкІыр щапхъэу гъэлъэгъуэныр;

- еджапІэ, гъэсапІэ Іэнатіэхэм я Іуэху зыпутым жылагъуэм, адэ-анэхэм, ар зэхьэлІа къулыкъущІэхэм гу лъегъэтэныр.

Зэпеуэм хэтыну курыт еджапІэ, сабий гъэсапІэ нэхъыфІэхэр къагъэлъагъуэ хабзэщ щІыналъэ административ-территориэ гъэджэнымгъэмкІэ я къудамэхэм, къалэ департаментхэм къызэрагъэпэща къэпщытакІуэ гупхэм. Ар щекІуэкІкІэ къалъытэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ школым анэдэлъхубзэр, литературэр зэрыщагъэдж щыкІэр (урокхэр, программэхэр, планхэр); щІыналъэ (район), къалэ, республикэпсо зэхьэзэхуэхэм еджапІэм и гъэсэнхэм щалэ ехъулІэныгъэхэр; адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щрагъэдж пэшхэм я теплъэр; еджапІэм и библиотекэр зэрырагъаджэ тхылькІэ, художественнэ литературэкІэ къызэрызэгъэпэщаг; егъэджакІуэхэм я методикэ лэжьыгъэхэр; бзэм, тхыдэм, хабзэм текухуауэ школым щекІуэкІ классщІыб гъэсэныгъэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэр; адыгэ лъэпкым къыдекІуэкІ хабзэхэм щІэблэр зэрыщыІапІыкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэм я планхэр, программэхэр, планшетхэр, альбомхэр, стендхэр.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм щытекІуахэм папщІэ къызэгъэпэщаг.ку гупым хэтхэм ахъшэ саугъэтхэр, тыгъэ лъапІэхэр ятыну ягъэув хабзэщ.

Гъуэгуанэ дахэ къикІуащ зэпеуэм. Нэхъапэм зэхьэзэхуэм и утыку къихьэу щытар адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэрауэ щытамэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ абы къыхихьащ урысыбзэмрэ литературэмрэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэри. Зэпеуэр нобэ УнэтІныгъэ куэд зиІэ республикэпсо фестиваль ехьэжьауэ йоІкІуэкІ. УнэтІныгъэхэм къыхьыхьащ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ ІэнатІэм пэрыт псори лъопощъэпоунышу абы къыхэзышэ «Дерс дамэдаэзэр» унэтІныгъэр. Дакъикъи 10-кІэ фІэкІа емыкІуэкІ а дерс кІэщІ цыкІуэхэр яту абы и фІыгъэкІэ зэпеуэм къыхихьащ есэпымкІэ, тхыдэмкІэ, биологиемкІэ, географиемкІэ, технологиемкІэ, физикэмкІэ, нэгъуэщІ предметхэмкІэ егъэджакІуэхэр. Школым щекІуэкІ лэжьыгъэ псоми я нэхъыщхьэу хэкупсэ я гъэсэныгъэр зэрыщытыр аргуэру зэ нэрылъагъу щыхъуащ а урок кІэщІ цыкІуэхэм. Апхуэдэ дерс цыкІуэхэр зэрекІуэкІыр анэдэлъхубзэкІэщ. Адрейхэми хуэдэу, абыхэми техникэ пэрытым и Іэмалхэр къыщагъэсэбэп, зытеуха темэхэм хуэкІуэ сурэт, тхыль, нэгъуэщІ дэфтэр гъэлъэныгъэхэр. Іэнатіэр нэрылъагъу пособиехэр къызэрагъэпэщ, уси, уэрэди, къафи зыхэти щыІэу.

Зэман кІэщІым къриубыдэу зиужьащІ, дэнэкІи зыщиубгъащ зэпеуэм. Къыжьапхъэщ ар Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми зэрыщекІуэкІыр. Адыгэхэр зэрыс щыІнапъэхэр я лІыкІуэхэмкІэ зохъуажэ, зэпеуэр зэрегъэкІуэкІапхъэ Іэмалхэмкіэ зэдогуашэ. Шэч хэмылъу, диІэ фІымкІэ дыззэгъуашэмэ, анэдэлъхубзэри, хабзэри, лъэпкым лъэпкъ жезыгъэІэ фащэу иІэ псори нэхъ хъуа хъунущ, нэхъыфІуи заужьынущ.

Илъэс къэс еджапІэ, гъэсапІэ зэмылІэужьыгъуэ 15 - 20, егъэджакІуэу 100-м щІигъу, еджакІуэу мин бжыгъэхэм нэс зэхешэ фестивалым. Мы фестиваль-зэпеуэр щІэныгъэкъэхутакІуэ лэжьыгъэм хуэкІуащ. Абы и дежи къыщыувыІакъым - ар егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэм зэрыхагъахъуэ Іэмал хьэлэмэтщ, егъэджакІуэ пэрытхэр я зэфІэкІкэмкІэ, я Іэзагъэмкіэ щыІэзэгъащ зэІущІэщ, еджапІэхэми, сабийхэми, егъэджакІуэхэми, гъэсакІуэхэми дерс кэуд къыщыхах Іуэхугъуэщ.

Зэпеуэм мы гъэм еджапІэ 14 хэтщ. Абы я зэфІэкІхэр щагъэлъэгъуакІэщ Налшык къалэ и сабий гъэсапІэ №71-м, Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэу Бахъсэн къалэ дэт курыт школ №2-м, Іутіык Борис и цІэр зезыхьэу Зэрэгъыж дэт курыт школым, Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэу Налшык къалэм дэт № 32-м я егъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм, ныжьыщІэхэм. Сыт щыгъуи хуэдэу, нэрылъагъу мэхъу апхуэдэ зэхьыхьэр школ Іуэху куэдей мыхъуу, къуажэпсо, щІыналъэпсо мыхьэнэ зиІэу зэрыщытыр. Абы щыхьэт тхъуэ щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэр, къуажэдэсхэр, адэ-анэхэр жыджэру зэрыстхыр, лъэпкъ Іуэхугъэ-зэпеуэхэм егъэджакІуэхэми даІыгъуэ.

ЖыпІэнурамэ, анэдэлъхубзэр зэрырагъадж Іэмалхэр егъэфІэкІуэныкІэ, и бзэр дихьэхыу сабийм егъэджэныкІэ, Іэпкъым бгъэдэль псэкупсэ къулеягъым щІэбгъэр еШэлІэныкІэ, и хабзэр, тхыдэр фІэгъэзэщІэгъуэну иджыным хуэшэныкІэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм зэфІэчыгъэ Іэмалхэм иІэ мыхьэнэр лъытэгъуейщ. Іуэху щхьэпэ нобэ зэфІэзыгъэкІ лъэпкъ Іуэхум нэхъыбжэкІи щогугъ адыгэхэр, абы и къакІуэнур зэрыдахэр, зэрыкІыхьыр я фІэщ хъуу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ТІэшъу Светланэ

Адыгей

Адыгабзэр орэжьынч!

Адыгеим икъэлэ гупчэ просветельскэ Іофтхьабзэу «Адыгэ диктант» зыфІорэр ятІонэрэу щыкІуагъ. Адыгабзэмрэ тхыбзэмрэ я Мафэ ипэгъокІэу адыгабзэкІэ Дунэе диктантыр гъэтхапэм и 6-м атхыгъ. Іофтхьабзэм ипшъэрылъ шъхьаІэр лъэпкъыбзэм икъызэтегъэнэжьын, нахьыбэмэ зэрагъашІэ ашІоигъо хъуныр ары.

АЩ КІЭЩАКІО фэхъугъэх «Адыгэ Хасэр - Щэрджэс парламентыр», АР-м гъэсэныгъэмрэ щэнэгъэмрэкІэ и Министерствэ ыкІи Адыгэ къэралыгъо университетым адыгэ филологиемкІэ икафедрэ. Диктантыр чІыпІищІмэ ащатхэн амал яІагъ. Хабзэ зэрэхьугъэу, гупчэ шъхьаІэр Адыгэ къэралыгъо университетым ищІэныгъэ тхыльеджапІ, адрэхэр - апшъэрэ еджапІэм иконференц-залхэр.

Диктантыр зытхыгъэхэр ясэнэхьатхэмкІи, ныжьыгъ яІэмкІи зэтекІых. Мыщ хэлэжьагъэх министерствэ ыкІи ведомствэ зэфэшъхьафхэм, общественнэ движениехэм ялІыкІохэр, журналистхэр, кІэлэегъаджэхэр, тильэпкъэгъуэхэу Іэкіыб къэралхэм къарыкІыжьыгъэхэр, ныжьыкІэхэр ыкІи зэкІэ адыгабзэр шІу зыльэгъуу, зыгукІэ зыпэблагъэхэр.

Дунэе ЩІэрджэс Ассоциацием ыгъэнэфэгъэ мафэм Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсыи, Темыр Осетие - Аланием, Ставрополь краим, Ростов, тырку къалэу Дузджэ адыгабзэкІэ диктантыр ащатхыгъ. ПэшІорыгъэшъэу къызэральытагъэмкІэ, нэбгырэ мин заулэ ащ хэлэжьагъ. Диктантыр бзитІыкІэ атхыгъ - къэбэртэнбзэкІи ыкІи литературабзэкІэ. АдыгеимкІэ нэбгыри 150-м ехъу зиШІэныгъэ зыуплъэкІыну къекІолІагъэр.

ЗэльашІэрэ адыгэ тхакІоу КІэрэщэ Тембот иповестэу «Шапсыгэ пшъашъ» зыфІорэм щыщ пычыгъоу «Адыгэ шыуР» атхызэу зэхэщакІохэм къыхахыгъэр. Диктантым къеджагъэх УФ-м изаслуженнэ артисткэу, Адыгеим инароднэ артисткэу Уджыхъу Марет, адыгэ филологиемрэ культурэмрэкІэ кафедрэм идоцентэу, филологие шІэныгъэхэмкІэ кандидатэу Бгъошэ Заурет, къэралыгъо телерадиокомпаниеу «Адыгеим» ижурналистэу, АР-м изаслуженнэ журналистэу ТІэшъу Светланэ.

Диктантыр сыхьатыр 3-м аублагъ. Ар къызэІуихыгъ Адыгэ къэралыгъо университетым филологиемрэ культурэмрэкІэ факультет идеканэу Хьамырзэкъо Нурет.

Іофтхьабзэм хэлэжьэгъабэхэм зэрэхагъэунэфыкІыгъэмкІэ, тамыгъэхэм яхэгъэуцон къин къащыхъугъ. Ащ дакІоу гущыІэухьигъэ кІыхь дэдэхэу тІоу зэтеууты пшІоигъохэр бэу къыхэфагъэх. Сэ сшъхьэкІэ мафэ хъэс адыгабзэкІэ сызэрэтхэрэр къыдыхэпІыытэмэ, чІыпІабзкэр зэрэстхыщт шыкІэм сицыхьэ темыльэу къыхэкІыгъ.

Іофтхьабзэу «Адыгэ диктантым» икІэухэкэр гъэтхапэм и 12-м къэнэфэщтых. Ахэр адыгэ филологиемрэ культурэмрэкІэ факультетым ыкІи Дунэе Адыгэ Хасэм ясайтхэм къарыхьащтых. Шъхьадж къыратыгъэ кодымкІэ хэуукъоныгъэ пчъагъэу хишІыхьагъэр, уасэу къыфашыгъэр ыуплъэкІужьын ильэгъкІыщт.

Шъугу къэдгъэкІыжьын, икІыгъэ ильэсым зэхэщакІо купым зэригъэунэфыгъэу, нэбгыри 167-мэ диктантыр атхыгъ. Дэгъу дэдэу тхагъэр 36-рэ. А пчъагъэм щыщу 7-р нахь къыхагъэщыгъ. Зы хэуукъоныгъэ амышІэу диктантыр ахэм атхыгъ.

Хэуукъоныгъи хэзымышІыхьагъэу ыкІи анахь къабзэу диктантыр зытхыгъэхэм журналистхэр, кІэлэегъаджэхэр ащыщых.

Адыгабзэм изагъэушэн, игъэфедэн чанэу хэлажьэхэрэм, зэнэкъокъуэхэм гъэхъагъэ ащызэышІыхэрэм тафэраз. Мэхьанэ зиІэ Іофтхьабзэм нахь цІыфІэхэр хэлажьэхэ лъагэкІотэнэу, нахь зырагъэушъомбгъунэу афэтэІо.

ІЭШЪЫНЭ Сусан.
Сурэтхэр **Іэшъынэ Аслъан** *тырихьГъэх.*

ТОКЪМАКЪ Йылмаз:

Анэдэлъхубзэр къахуэмыщхьэпэу щыжаІэм деж си жагъуэ мэхъу

Тырку

Къайсэр къалэм и Пынарбашы куейм хыхьэ Бешкъзакъхьэблэ (Хилмие) къуажэм къыщалъхуа, илъэс 21-рэ льандэрэ егъэджакІуэу лажьэ Токъмакъ Йылмаз депсэлъылІаг. Абы зэрыжиІэмкІэ, адыгэбзэр и унагъуэм щызригъэщІащ. Ар щылажьэ Къайсэр къалэм и Талас щыпІэм дэт курыт еджапІэм 2019 - 2020 гъэ еджагъуэ дыззэрытым еджакІуэхэм я бжыгъэр мащІэ зэрыщыхъуам щхьэкІэ, адыгэбзэ класс къыщызэІуахыфаркъыми, а Іуэхур къохьэлъэкІ Токъмакъым.

- Йылмаз, сыту пІэрэ адыгэ унагъуэхэм я бынхэм анэдэлъхубзэр ирагъэджьыну щыхуэмейр?

- Ди бзэр яджыным я бынхэр хуэмыныкъуэну къэзылъытэ унагъуэ къыщыхэкІ мэхъу. Адэ-анэм япэ ирагъэщ тыркубзэ, математикэ, жылагъуэ щІэныгъэхэр, инджылызыбзэр, диныр, хабзэр. «Сэ сщІэрт си анэдэлъхубзэр, нобэ къэсыхуи зэи къысхуэщъхьапэкъым ар», - жызыІэ адэ-анэ диІэщ.

Абыхэм адыгабзэр я бынхэм ирагъэджьыным тедгъэгушхуэн папщІэ, дэ яхудогъэхь ди дерсхэр зэпкрыхауэ зэрыт тхыльхэр. Абыхэм щыгъуазэ зыхуащІа нэужь, ахэр къызэзыхэхэм и щыхьэту Іэпэ традзэри еджапІэм къагъэхьыж.

- Анэдэлъхубзэр зэвгъэджьн гуп къыщыгъэІуфхІэ, щІыналъэ, къэрал, нэгъуэщІ унафэщІхэм Іуэхур къыщалъхъэ къыхэкІрэ?

- ЖыпІэнурамэ, апхуэдэ зэи къэхъуакъым. Псалъэм папщІэ, абы хуэщІа пэш щхьэхуэ ди еджапІэм нэгъабэ иІэтэкъыми, анэдэлъхубзэмкІэ дерсхэр ди конференц-залым щедгъэкІуэкІащ. Зэреджэ тхыльхэмрэ нэгъуэщІ ІэмэпсымэхэмкІэ зы гуГъуехь гуэри дыхэтаеи къысхуэщІэжыркъым.

- Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр бзитІкІэ е нэхъыбэкІэ егъэкІуэкІыным дауэ уеплърэ? Ар еджакІуэм хуэщъхьапэну къэплъытэрэ?

- Зэран хуэхъуну зи си фІэщ хъуркъым. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр, сэ къызэрыслъытэмкІэ, губзыгъэгъэщ, Іущыгъэщ. Бзэ нэхъыбэ пщІэху, нэхъыфІщ, зи бзэ пІурыльэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм нэхъ тыншу уагурыІуэнущ. Апхуэдэуи нэгъуэщІлъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм, щэнхабзэхэм щыгъуазэ зыхуэпщІыфынущ, пщІэи яхуэпщІынущ.

Епсэлъар **ХЬЭВЖОКЪУЭ Эрдогъанщ**.
Истамбыл къалэ

● Хъыбар гуапэ

Сыт Тыркум щыпсэу адыгэхэр зыгъэгушхуэр?

Дунейм тет лъэпкъыбзэхэм ящыщу нэхъ пасэрейхэм халъытэ адыгэбзэр Тыркум и университетхэм ящыщу тІум щаджыр - Эрджиесымрэ (къуэкІыпІэ псалъэкІэр и лъабжьэу), Дузджэ университетымрэ (къухъэпІэ псалъэкІэр и лъабжьэу).

Эрджиес университетым, Тыркум и университет нэхъ инхэм ящыщу Къайсэр къалэ дэтым, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмкІэ и къудамэр 2013 гъэм къызэІуахауэ щытащ. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІыу, илъэс зыбжанэкІэ ар лэжьакъым, ауэ 2018 гъэм Хэкум егъэджакІуэхэр кьрашри ятэрей курсми студентхэр кьащтащ - нэрыбгэ 30-м щыгъуу. 2019 - 2020 гъэ еджагъуэми апхуэдэ дыдэу Эрджиес университетым и адыгэбзэ къудамэм студентхэр кьищтауэ, курситІыр зэдоджэ.

Ялэ курсым и дисциплинэхэм хохьэ: бзэщІэныгъэр, еджэныр, тхэныр, щІэдзІыкІыныр, дапкІэ ящІыныр, адыгэ щэнхабзэр. ЕтІуанэ курсым щегъэжьауэ кьыхохьэ нэгъуэщІ дерсхэри: адыгэбзэ практикумыр, адыгэ диалектологиер, адыгэ литературэр, урысыбзэр, Кавказым и тхыдэр.

Курс нэхъыкъхъэм студентхэм яджынущ адыгэ тхыдэр, Іуэрыіуатэр, мифологиер, бзэщІэныгъэм и Іыхьэ щхьэхуэхэр. Эрджиес университетым илъэсрэ ныкъуэрэ пльэхьэнэм кьриубыдэу адыгэбзэр щегъэжьынущ зэрекІуэкІам кьигъэльэгъуащ Іуэху дахэм бгъэдыхьэкІэу дерсхэри: адыгэбзэ практикумыр, адыгэ диалектологиер, адыгэ литературэр, урысыбзэр, Кавказым и тхыдэр.

Курс нэхъыкъхъэм студентхэм яджынущ адыгэ тхыдэр, Іуэрыіуатэр, мифологиер, бзэщІэныгъэм и Іыхьэ щхьэхуэхэр. Эрджиес университетым илъэсрэ ныкъуэрэ пльэхьэнэм кьриубыдэу адыгэбзэр щегъэжьынущ зэрекІуэкІам кьигъэльэгъуащ Іуэху дахэм бгъэдыхьэкІэу дерсхэри: адыгэбзэ практикумыр, адыгэ диалектологиер, адыгэ литературэр, урысыбзэр, Кавказым и тхыдэр.

Хэкумрэ Тыркумрэ кьыщинэмыщІауэ, адыгэбзэр щадж Куржым и кьалащхьэ Тифлис къэрал университетым, Швециеи щыІэ Мальмё университетымрэ Лунд университетымрэ, Нидерландэм щыІэ Лейден университетым, Канадэм и МакМастер университетым, Австралием и Квинсленд университетым, нэгъуэщІ къэралхэми. Ауэ мы иужьрейхэм адыгэбзэр зэрыщыджыр нэхъыбэм зытещІыхьар кьэхутэныгъэ лэжьыгъэрщ, нэгъуэщІ ыкІи Іуэхугъэ адыгэбзэр зэрыщыджыр нэхъыбэм зытещІыхьар кьэхутэныгъэ лэжьыгъэрщ, нэгъуэщІ ыкІи Іуэхугъэ адыгэбзэр ящІыныгъэ къезытыну щІэныгъэ ятІу ягъуэтыныкІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ Черкесскрэ Мейкъуапэрэ икІа егъэджакІуэхэм.

АдыгэбзэмкІэ къудамэкэр Тыркум и университетхэм къызэрыщыізэІуахам нэгъуэщІ мыхьэнэи иІэщ: абы Анадолэ щІыналъэм щыпсэу адыгэхэр егъэгушхуэ, адыгэбзэр, адыгэ хабзэр, адыгэ щэнхабзэр мыкІуэдыжу щІэблэщІэхэр абыхэм щІэпІыкІа зэрыхьэныжьыкІ гугъаІпІэшхуэ кьарет.

ИУАН Зэуал,
профессор.
ПАЩТЫ Мадинэ,
егъэджакІуэ нэхъыжь.
Тырку Республикэ, Къайсэр къалэ

КъШР

«Дерсыр къыщызэхъулІэр...»

Жумай ФатІимэ

● Щапхъэ

Иужьрей илъэсхэм икъуэкІ узытегъэзыхьыхьи щытыкІэм иуващ лъэпкъыбзэхэр. Апхуэдэщ адыгэбзэри. Хьэуэ, жытІэркъым ар кІуэдыжу... Абы дынэмысыну догугъэ. Ауэ, пцІыр сыткІэ щхьэпэ, гугъэм кьинэмыщІауэ, бзэм, тхыбзэм адэкІэ я щыІэным, зыужьыныгъэм хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр икІэщІыпІэкІэ щызэфІэхьын хуей пІалъэщ. Абы хуэгъэпсащ бзэм телажьэ щІэныгъэлІхэм я гупсысэри, лжьыгъэри.

АДЫГБЗЭР щІэблэм Іэпымыкъуныкъмкіэ хэт къалэн пажэр зыхьыр, хэт ар зи ІуэхущІафэр? «Шэч хэлъхьэм, еджапІэращ, егъэджакІуэращ», - жыІэнущ нэхъыбэм. А гупсысэм зебгъэукъуэдиймэ, нэгъуэщІми ухуэкІуэнущ - псом я щхьэжьи унагъуэращ. Абы бзэр щыземыкІуэмэ, егъэджакІуэм и Іуэру закъуэр мащІщ. НыбжьыщІэм и аныдэлъхубзэр игъэІуфыщІэфу, абы иритхэфу къэтэджьным, адэкІи и бзэм иригупсысэфу, къызыхэкІа жылагъуэм, пъэпкъым гу, псэ, лъы, къуэпс зэпыщІэныгъэ диІыгъыфу къэтэджьнымкІи ч4нэджщ къытепхьжьынущ итІанэ...

Ди гупсысэхэр адэкІэ пещэ ди псэпъэгъуэм, Хьэбэз къуажэм дэт республикэ лицейм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щезыгъаджэ **Жумай ФатІимэ**.

- Сыт хэлъхьэм, унагъуэм дежщ бзэм и пъабжьэм зыщІыбгъур. Телефонэм, компьютерэм сабийхэр дихьэхыщу, бзэр абыхэм ящІыгъэхуу жыхуаІэри анэ-адэхэм я щыуагъэщ. Сыт хуэдэ техникэ, сыт хуэдэ тхыльмиІыгъами, быным и анэдэлъхубзэр кьыдемыкІыжІмэ, бзэмыІу хъунущ. Анэ-адэми я щхьэ хъеремыгъэпцІэж, я быним зэран хуремыхьу, - жеІэ Фатімэ.

Апхуэдэу бзэм гудзакъэ ин хузиІэ егъэджакІуэм нэІуасэ фыхуэгушІынщ.

Жумай ФатІимэ 1992 гъэм щегъэжьауэ егъэджакІуэ Іэнатіэм пэрытщ. Лицейм 2003 гъэ льандэрэ щрагъэжьа, 8 - 9-нэ классхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щригъэджэ. Лицейм республикэ мыхьэнэ иІэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, абы щоджэ кьалэм икІа сабийхэри, бзэр зыхуэмыгъэІурыщІащэхэри, зымыщІэххэхэри, фІы дыдэу зыІурыльхэри. А псоми адыгэбзэр яригъэджьфыным дауэрэ пщІэщрэ мы егъэджакІуэр? Щыгъуазэ дызэрыхуэщи, ФатІимэ и дерсым щІэмыихьэ, анэдэлъхубзэр джыным зыпІыуэдэ лицейм щІэсхэм зэхуэмыныкъуэу.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэбзэм хуэмыныкъуэу, зыкІи кьамыщхьэпэну къэзылъытэхэр кьытхэкІ хъуащ. Апхуэдэ гупсысэхэм адэкІи замыубгъуным и Іэмалщ щадгъэбзэ дерсхэр. Ахэр нэхъ гъэщІагъэщ, щІэщыгъуэ зэрысщыным сыпылъу дерсхэр соухуэ. Псалъэм папщІэ, тхакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэм дыщдекІуэкІыжьу щыта хабзэхэм, адыгагъэм, лъэпкъ щыфэпІыфэм дытопсэлъыхь, ди нобэм идолъыт, щІалэ цІыкІухэр адыгэлІым ещхьу щытыным, пщащэхэр адыгэ бзылъхугъэм и хьэл-щэн дахэм екІуным я гупсысэхэр худогъэуш, дахагъэм худоунэтІ, - жеІэ абы.

ЕгъэджакІуэм и гуапэ мэхъу щІэблэр адыгэхэм ди хабзэ-бзыпхъэхэм зыщагъэзэгъуззэну зэрыхуэщІэкъур. Абы нэхъри гу лъитащ, Америкэм кьикІа хэхэс адыгэ ныбжьыщІэхэм жаІэрт адыгэбзэр Интернетым и Іэмалхэмкіэ зэрызрагъащІэр, нэхъыбэу дзэныхьэхэр адыгэлІым и шы тесыкІэр, Іэщэфащэу зэрихьар арауэ зэрыщытыр. Си еджакІуэ цІыкІуэхэм яфІэгъэщІэгъуэнт хьэщІэхэр зытепсэльыхь псори, уеблэмэ тІэкІуи Іэнэнт хъурт, хэхэсхэм зи гугъу ящІ гуэркъым езыхэр зэрыщымыгъаззм щхьэкІэ, - и псалъэм пещэ ЖумайФатІимэ. - Хэхэс пэтрэ, икъухьауэ хамэ къэралхэм щыпсэуми, ди бзэр яхъумэ, хабзэр зэрахьэ. ИджыкІэ щІэблэм бзэр Іэпыхужащ, жыпІэну апхуэдэ гужьеиГыу дыдэхьым ди щытыкІэр, ауэ кьэкІуэну щІэблэмрэ бзэмрэ яку дэлъ зэхущытыкІэм уегупсысыну иГыу хъуауэ кьызэлъытэ.

КьинэмыщІауэ, абы еджакІуэхэм ягурегъаІуэ ди бзэ, ди хабзэ, ди гущыІэжьхэм зетхьэжьну къэралым хуитныкІэ къызэрыдитыр. Апхуэдэ ди лъэкІынныгъэмрэ хуитыныгъэмрэ дельэпауэ зэрымыхъунуми гу лъагерьатэ. Жумай ФатІимэ бзэм ирилажьэ егъэджакІуэ къэси щІэблэм и пащхьэ зэхуэплыгъэ зыпылъ къалэнышхуэ щхьэ. Абыхэм я лэжьакІэм, ябгъэдэлъ хьэл-щэным, цІыху хэтыкІэм, адыгагъэм куэд елъытащ жаІэр зи пащхьэ и ныбжьыщІэхэм зэхахьныкІэ, дерсыр ягу ирабыдэныкІэ. ЩІэнурамэ, я Іуэхугъуэхэм ящыщ дэтхэнэмкІи Жумай ФатІимэ сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэхэр щыщ.

Жумай ФатІимэ бзэм ирилажьэ егъэджакІуэ къэси щІэблэм и пащхьэ школым и унафэщІ Сидакъ Жанэ и псалъэхэри.

- Зыпэрыт Іуэхум хуэнэхъуеинш, ильэкІыу зыри къэзымыгъанэ егъэджакІуэщ ФатІимэ. Ар жуэплыныгъэ лъагэ зыхъль цІыхущ, къиригъэкъар и кІэм нэсхуэнкІэ псэку зымыщІащ. Клас лъэныкъуэм кьиинэмыщІауэ, классщІыб лэжьыгъэ купщафІи ирегъэкІуэкІ абы, - жеІэ Сидакъым. - Жумайм и еджакІуэхэр сыт щыгъуи холэжьхуэ олимпиадэ, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм, бжьыпэри къахь. ФатІимэ иригъаджэхэм дапщэщи ехъулІэныгъэфІэхэр къагъэлъагъуэ, бзэ щІэныгъэ нэс зэрабгъэдилъхьар наІуэ къащІу. ФатІимэ, ар зэлэжь Іуэхуми, адыгэбзэмми ехьэлІауэ жысІэн си кУэдщ. Іуэхущ Іапіэр дрогушхуэ апхуэдэ егъэджакІуэ щыпкъэм, и лэжьыгъэмкІи диарэзыщ.

ЕгъэджакІуэ Іэзэм и гуащІэ хьэлэлым къыпэкІуащ къэрал, жылагъуэ гулъытэ. 2008 гъэм зыхэта район, хэгъэгу зэхьэзэхуэхэм ФатІимэ бжьыпэр къыщихьри, «Илъэсым и егъэджакІуэ» щІыпхьыщІэр къыфІащащ. Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгабзэ Хасэм иригъэкІуэкІ «Джэгурэшъ» зэхьэзэхуэм щыпсэуГъэгум хэтщ Уэрэзэлъ Мадинэрэ Жумай ФатІимэрэ игъэхьэзыра гупыр. Апхуэдэу Жумайм къыхуагъэфэщащ щІыхь, фІыщІэ тхыльэ куэд.

ТУАРШЫ Иринэ.
КъШР, Хьэбзэ къуажэ

Лэужьыр бжьыблкIэ мауэ

КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Шафий Хьэчим къыззэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

**ЩIыIэщ цIыху хужьыпIэ хъуну дахэм гъунэ имыIэу къыпщIэхъуу, уэхэщыпыхьэпэрэ псалъэ къыхэхахэр хуэзIупщэми, иримыкъуну къыпфIэщIу. Псэуху пщIэрэ щхьэрэ иIэу, дунейм ехьижа нэужьи, я ужьым гуапэ кIэлъыжаIэу, ящыгъыбмышIу цIыхум я гум кьинэжахэрагъэнуф «хъэм лIаи цIыпIэ», псэуи щIэлъщ» щIыжиIар адыгэм. Зи гугъу тщIыну Шафий Хьэчим апхуэдэ цIыхуш. И фэеплъыр яIэщIэмыхуауэ зифI яIуатэхэм ящыщщ ар. Хьэчим теухуауэ тхыгъэхэр зэкъым-тIэукъым газетхэм къыззрытехуар. Мы тхыгъэр щыдгъэхьэзырым, дэ ди мурадащ нобэр къыздэсым цIыхухэр зыщымыгъуазэ гуэр-хэр наIуэ зэхущIыну, я цIыху щэджащэр нэхъыфIыжу къыбзэдгъэцIыхун папщIэ. Хьэчим и гъащIэм и мызакъуэу, дэ дриплъэжьну дыхущIэкъуащ абы и хьэлым, и щэным, дуней теплкIэу иIам и лъабжьыми дыхуеплъэкIыну.

Къежьапlэ

ЗэрапIэуэтэжымкIэ, нэщIикIыжыр игъэпсалъэ къуэжэр мэжджытым щызэхэт, зэи ямылъэгъуа щIалэ бжьыдIэ нэфIэгуфIитIыр къащIыхьхьам. ЖэмыхьэтыМ фIэхъус ирахыу етIысэха щхьэкIэ, псом и гу зылъата щIалитIыр, иужькIэ къызэрыщIэкIамкIэ, зэкъуэшитIыр, жьжьэ къызэрикIыр, гулъытэ хэха яхуэщIын зэрыхуейр жэмыхьэт ефэндым къыгурыIуащ. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Щоджэн Хьэтохъуэщыкъуэ-ефэндыжьыр набдзэгубдзапIпхт, куэдым хищIыкIыпт, кьыдэкIыу абыхэм къащIыхуэкIуэм, жьлэр зэрыщыту зэщIэтэджащ, жаIэ. ЩIалитIым къабгъэдыхьэри, ХьэтIохъущокъуэпщыр здэщыс лъэныкъуэмкIэ ефэндым ахэр иригъэблэгъащ. Абыхэми зрамылъэфхыу къыхуагъэфэща тIысипIэр яубыдри, нэмэзым хуэжащ. Нэмэзыр зэрызэфIэкIыу, ефэндыр тIуми кьепсэри, нэкIэ къагуригъэIуащ, КъурIэныр яIэщIэтымэ, зы жэз хуэдизэ кьеджэну, я макъ жьлэм зэхрагъхьыну. Зэхэзыхьым я гур цIыкIу ищIу щIалитIыр КъурIэным макъкIэ кьеджауэ яIуэтэж.

Пщыр ехьуэпсау а тIум къуажэгъуэкIэ: фэ я ятетт, уаэзэрепльынкIэ уэзытеукIытыхьын якъуэлъу гурыщIыхуэ уагъэщIырт зэкъым, нэхъыщхьэрэщи, еджащ, дин щIэныгъэ ябгъэдэлъщ. Пщыр зыхуейр ефэндым зэхищIыкIащ. Щоджэн-ефэндыжьым щIалитIыр и дежи иригъэблагъэри, маХуищIкIэ игъэхьощIа нэужь, кьыздикIым, я Іуэху зыIутым щIэупщIащ.

МухьэмэдШафихьрэ Хъэшийрэ (арат зэкъуэшитIым я щIэр) КъумкIыкъум кьыздэрикIыр, псэупIэ яхуэхъун ягъуэтмэ, абдеж щетIысхьыу я щIэныгъэрэ хьилымкIэ жьлэм ящхьэпэну зэрыхуейр кьаУэтащ. Щоджэнефэндыжьым кьыжраIар пщым щыхуиIуэхужьым, пIалъэ кьыхимыгъэкIыу эзшхэм я лъапсэкIи, я уналIэкIи закъыщIигъэкъуащ.

ЗокъуэшитIым хьилымышхуэ ябгъэдэлъу кьыщIэкIащ. ХьэтIохъущокъуэм щIэх-щIэжьыпэ кьыхуэкIуэрт КъумкIыкъуми, Нэгъуейми, Абаазэми кьикIыу хьэщIэ кудэ. Дэтхэнэми я бзэр зэхащIыкIыу къумыкъубзэри, нэгъуейбзэри, балъкъэрыбзэри, тIыркубзэри, хьэрпыбзэри, абазэбзэри, адыгэбзэри ящIэт тIуми. ХьэтIохъущокъуэхэ я деж хэт кьаКIуэми, эзшитIым я къэухьыр жьжьэ зэрынэсым, куэдым я хъыбарыр зэхаха кьудейми къыщымынэу фIыуэ зэрыхащIыкIым гу лъатэрт, куэд дыдэ дэмыкIыуи «ХьэтIохъущыкъуэй еджагъэшхуэхэр» цIэр ятеIукIащ.

Зэшхэм пщыхьэщхьэ щхэм мэжджытым кьуажэ щIалэ цIыкIухэр КъурIэн щрагъаджэрт, тхэкIэ-бжэкIэ щрагъащIырт, уафэм ирагъэкIуэрт а лъэхъэнэм щIыхь зыпIэзэсам щагъэгъуэзэрт. ГъэщIагъуэнщ пщыхьэщхьэджхэр кьыззэрыгъэпэщу щытар. Ар лъэхъэнищкIэ зэпIуадат. Ящэ лъэхъэнэм альифбейр яджырт, абыкIэ дерсхэр зытIыр Щоджэн ХьэтIохъущыкъуэ-ефэндыжьыр. ЕтIуанэ лъэхъэнэм амдэчыр щIаджэкIыкIыр. Ар зи пщэ дэлъри, абы кIэлъыпIэри зэшитIым я нэхъыщIэ Къазийт. КъурIэныщхьуэм нэсар Мухьэмэд-Шафихь и нэIэ щIэту абы иКIырт. Апхуэдэу зэщхьэщIхауэ егъаджэным дэтхэнэ Іуэтазми и лэжьыгъэмкIэ пщэдкIыжь нэхъыбэ ихьырти, зыпэрыт Іуэхур фIыуэ кьызэгъэпэща зэрыхъунум хущIэкъут.

Нобэр кьызэдэсым зи гугъур кьуажэм щымыжьыжьауэ зытепсэлъыхьыж бахъсэнэй зэущIэкIуэхэм ящыщ Куп Исмел-хьэжьыкьымрэ кьуажэдэс куэдым КъурIэнэр езыгъэщIа Нэхущ Мамышь-ефэндыжьымрэ Мухьэмэд-Шафихь и гъэсэныгъэ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зи гугъущхи зи гъащIэри езыта Шафийхэ я лъэпкъыр кьыщежьэр Мухьэмэд-Шафихь дежщ.

Зи псалъэр къабзэ, зи акъылыр жан

«АдэфI кьуэфI хуэщIы», жаIэ адыгэхэм. КъуитIрэ зыпхъурэ зыгъуэта Мухьэмэд-ефэндыр щIэх жьлэм яхэсхьыкащ. Ар хэмыту зы Іуэхугъуи кьаIэтыртэкъым. «Мухьэмэд и хуэхъур теIуа мэхъу», жаIэрти, щIэблэ къызыщIэхъуэм ирагъэхъуэхъурт, нэщхъеягъуэ зиIэм иужьрей псалъэр кIэлъыжрагъэIэрт; и псэльафи и Іуэхуфи кьуажэм я кьабылт. Я быным гугъу закъыдригъэхьу иригъаджэ кьудейми кьыщымынэу, я къэухь-зэхэщIыкIэм зэрыхигъахъуэм щхьэкIэ кьуажэдэсхэр кьыхуэзарэзыт Мухьэмэд-ефэндым, Іулыдж кьыхуащIырт, егъэлеяуи кьыфIэлIыкIырт. ПщIэрэ щхьэрэ зиIэ и адэм щхьэкомкIэ ещхь хьужащ и кьуэ нэхъыжь Мысхьуди. Ари КъурIэн Іыхьлыт, щIыпIэ куэдым кьыщащIыхуу ефэндышхуэ кьыщIыкIат, бзэ куэд ищIэрт, зэхэлъуашхуи иIэт, хьэщIу кьыхуэупесыхри мащIэтхъым. Ауэ жьлэм Мысхьуд-ефэндыр ягу кьыззэринэжар ущиякIуэуэд.

Кьуажэм дэса нэхъыжьыфIхэм ящыщу Унэж Іэдыхьэм куэдрэ игу кьигъэкIыжырт и адэшхуэ Амдулыхьэр Мысхьуд-ефэндымрэ зэкIуэгъужъуу, щыгъуПIастэ я зэхуаку илъу зэкIэпльыкIуэу зэрыщытар. «Мысхьуд-ефэндым и матэ» жаIэу щыIащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, езыр зыкъомкIэ нэхъ щIалэми, пщыхьэщхьэкIэрэ кьуажэдэс лIыжьхэр абы деж уэрэшракIуэ щыззхуэсырт. Нэхъыбэр зыхуейри зыт - езыр ягъэпсэльэныкIрт, жиIэм едэIуэнт. Апхуэдэхэм деж Мысхьуд-ефэндым и матэр унэм кьыщIихьырти, я пащхьэ ирогъэуварт. Матэм иIэбэмэ, Іэпхъуамбэ хуэдиз хьун зы пхъакъуэ кьирихьырти, абы тещIыхьа дамыгъэм ельытауэ куэдым уезыгъэгупсыс, гулъытэ хъуэпсхэм жыжьэ зезыгъэдз гъэсэпэтхыдэ гъэщIэгъэнэхэр кьахуиIуэтэжырт - ар бегъымбархэм я щхьэ кьрикIуэ хъыбарри щыгъынт, паштыхьхэм, дзэзешэ цIэрыIуэхэм я тхыдэри хъунт, уэзыфIэмыкIыни ущие гъэщIагъуэнэхэрауи кьыщIэкIынт. Зеикъуэдэсхэм «Амдулыхь и таурыхъишэ» жьхуаIэри абы ещхьт, кьызэрыщхьэщIыкIыр нэгъуэщIт - Амдулыхь кьедалуэр сабийхэрат, матэм кьрих пхъакъуэм телъ дамыгъэм ельытауэ кьиIуэтэжри таурыхъэ псысэрэт.

Мысхьуд-ефэндым и гъэсэпэтхдэкIэр зэIэпахыу кьуажэм куэд дыдэрэ дэлъащ. УзыIэпимышэнкIэ Іэмал имыIэу адыгэбзэ дахэкIэ кьиуэтэж апхуэдизу губзыгъагъэм ящыгъэгъуэзэну хуейуэ кьыщIэупщIэри, кьыкIэлъыкIуэри мащIэтэкъым. ЗэштеГъэууэ цIыхубэм кьаIуэтэж, уеблэмэ тхауэ зэрахьэу щыта дин хъыбар куэдыр кьызыбгъэдэкIар аращ, Мысхьуд-ефэндыращ. Куэд кьыгъащIакъым абы, илъэс щэныкъуэм мащIэу щIингу гуэрщ кьипсэуар, ауэ абы и цIэр яIащIэмыхужауэ, Шафийхэ я гугъу щащIкIэ, Мысхьудефэндым и лъапсэщ, жаIэу кьоГъуэгурыкIуэ. ЦIыхум хуищIа пщIэращ кьызыхэкIар абы и кхъащхьэм нобэми кэмыкIуэдэжауэ щхьэщIт сыным тетха мы псалъэхэр: «**Мы мывэ сыныбэр зейр зи псалъэр къабзэрэ зи акъылыр жану дунейм тета Шафий Мухьэмэд и къуэ Мысхьудефэндырщ**».

Адыгэбзэр зи фащэ

Мысхьуд-ефэндым и адэр къуажэм къыщыкIуагъащIэм хэгъэрей хуэхъуауэ щытыгъэ Щоджэн ХьэтIохъущыкъуэ-ефэндыжьым кьыгурыIуат зэшхэм уаэзэремыкIуэдылIэнур, быдзыи игу ирилъхьат щIалэхэм благъэ-гъэкIэ запишIэну. Езыр псэууэ кьемыхъулIами, и адэм и хъуэпсапIэр и кьуэ нэхъыжь Кьазий нахуапIэ ищIащ - и шыпхъэ ХьэIишэт Мысхьуд щхьэгъусэу ираитащ. Я анэр ящхьэщымытыжу ефэндым бынитI щIэс пэтми, ХьэIишэт абыхэм анэ гумащIэу кьахуащIэкIащ, езыми щхьэгъусэ хуэхъуам бынибл диГъуэтащ. Быным я гуфIэгъэу Мысхьуд-ефэндыр хэплъэну насып имыIами, абы и лъэужь дахэр ХьэIишэт зэрыхимигъэгъуэщхьэнум иужь итащ.

Щоджэнхэ я пхъур Іущт, губзыгъэт, куэдым щыгъуазэт. Адэм и псалъэ быным зэхамыхми, ар зэрращхьэщымытыжьр захримыгъэщIэну хэтт. «ПсысэныбэщIэ» жыхуаIэм хуэдэти, емрэ фIымрэ, екIымрэ емыкIымрэ,-хьунумрэ мыхъунумрэ ехьэлIауэ яхуимыIуатэ Іуэрыlуатэ щыIэтэхым; фыызабэу кьэна ХьэIишэт ахэр адэмыущий-анэмыущийуэ цIыхухэм къащигъэхъуну хуейтэкъым. Іуэрыlуатэ лIэужьыгъуэу имыщIэри укIуэдыж, жьхуаIэм хуэдэт. Гурыхуэтэ, илъэгъуамрэ зэхихамрэ щыгъупщэртэкъым, цIыху зэкIуэпакIуэти, жиIэжьыр зэгъэзэхуауэ, кьытегъэззэжьын хуэмейуэ езыр хэт фIэкIа умыщIэну кьедаIуэм яхуиIуэтэжьфырт. 1936 гъэм дуней кьыстехьа «Кабардинский фольклор» зи цIэ адыгэ Іуэрыlуатэ зэхужьым (антологием) зи гъащIэ хэзыльхьа **совет Іуэрыlуатэхутэ цIэрыIуэ Талпэ Михаил** тхьэмахуэкIэ мыкIуэжу хъыбарыжьэ тхыдэжьу ХьэIишэт ищIэр кьыпихыу бгъэдэсыгъат. ХьэIишэт жьжьэрыпIээти, лIэщIыгъуэхэм я зэбгъэкIыгъуэм зэхъуэжьныигъэ куэд гъащIэм кьыззэрихъуэхъыныри зыхищIэрт. Арагъэнущ сыт хуэдэ щIэщыгъуэми хуэпабгъэ, дэтхэнэ щIэри зи гуапэ Амдурахьым анэр зэи пэрыуэгъу щыхуэмыхъуар.

Амдурахьым лэжьыгъэм щымышынэ цIыху лэжьакIуэу, Іэпщ-щIэпъэлащIэу кьэтэджащ. Ауэ, сыт хуэдиз Іуэху пэрылъатами, и гур тхылъым хуэгъэзэт, щIэныгъэм хуэшат. Колхозым 1930 гъэм щIалэр хыхьэри, махуэкIэ щIым телъжьыхьу, пщыхьэщхьэкIэ езыр-езыру тхэкIэ-еджэкIэ зригъащIэрэ зригъэгъуэта щIэныгъэ мащIэр нэгъуэщIхэм яБгъэдилъхьэжу щIидзащ. А илъэс дыдэм Амдурахьым Къэбэрдей-Балъкъэр педтехникумым щIэтIысхьащ. Едджэным гущIэ-лъащIэ псомкIи зезыта Амдурахьым еджапIэр пIалъэ кIэщIкIэ кьиухри, **Зеикъуэ кьуажэ япэу кьыщыIэуаха курыт еджапIэм адыгэбзэжат**.

Амдурахьым фIыуэ зыщIэжхэр иджыри дэсщ кьуажэм. ЩIалэ лъагъэгуаф1эу, сыт щыгъуи гуфIэ нэгъуущ ар яу кьызэрыкIыжыр. Нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, и зыхуэпэкIэкIи кьуажэдэсхэм Амдурахьым нэгъуущIэхэм кьыхагъэщхьэхукIырт. «Зыхэтым кьахэщу апхуэдэр ар. Уэс чэсейм хуэдэу хужь джанэм и щIыIу цеищхъуэ кIыхьыр кьытелъу, и кьэзыр Іупэхуэхэм иджьпсту уэрэдыжьыр кьыхадзэнщ жыпIэу зэщIэжьыуэу, и кьажбгырыпхри ибг псыгъуэм кьылындыкIыу илъу, и кьащIэтIыр къаз дагъэкIэ гъэщIууарэ укъиущу апхуэдэт, - кьэдрэ игъэщIагъэуу эгу кьжьыгкIыжьыр Быхьурэ (Щоджэн) Аминат. - И тепльэм и закъуэтэкъым кьыхэщIыр, Амдурахьым сыт щыгъуи фащэ екIуу щыгъар и адыгэбзэращ. Ар сытым хуэдэу дахэу псалъэрэт, абы сытым хуэдэ псэлъэкIэ ищIэрэт!»

А лIы гъэщIэгъуэным и гугъу зыщIыжьыфынуэр кIуэ пэтми мащIэ мэхъу, ауэ и цIыр игъащIэкIэ тхыдэм кьыщIыхьэнэн бгъэдэлъщ. Амдурахьымщ адыгэбзэр и Іэщагъэу Зеикъуэ япэу егъэджакIуэу кьыдыхэзжар. Ар абы зэи сом кьызыпIэкIуэ лэжьыгъэ кьудейуэ илъытакъым. АпхуэдизкIи и псэм дыхьэрт, зыпэрыт и Іэнатlэр фIыуэ и илъагъуртэ, абы еджакIуэ цIыкIуэр дригъэхьэхьи щхьэкIэ Іэмал куэд хуэзхилъхьэрт. ПщэдджкIыжьым лэжьакIуэ кьыдэкI Амдурахьым зэрреджэнум хуэхьэзыр сабийхэм яхьыхьэныи я пIэкIэ, нэхъ пасэу кьежьэрти, езым аxэр я унэ кьыдишырт, и укъым кIапсэлъэрышэу ищIауэ итуи еджапIэм дыхьэрт. А гъэзэгу мащIэ тIэкIури кьакIуэу, Амдурахьым абыхэм адыгэ тарыпхъэ псысэу яхуиIуэтэжьым Іуани нэзи иIэтэкъым. Адыгэбзэр зыхилъхьэ щIыIэтэкъым, ар фIыуэ зыльагъум, пщIэ хуэзышIым и псэ Іыхьэр иритыныи хьэзырт.

УщиякIуэУ, гъэсакIуэ, илъэс Іэджэкlэ Зеикъуэ егъэджакIуэ емышыжу щылэжьа Жылау Нурбий жилэжу зэрыщытамкIэ, Амдурахьым махуэ лэжьыгъэр кьызэрырихьэлIэу кьуажэм дэс нэхъыжьхэм деж кIуэурэ игъэуэрэшрэт, Іуэрыlуатэхэр итхыжырт, ахэр зэхуихьэсу тхылъэ зэрищIын гуращэхэри игъафIэрт. Амдурахьым илъэс зыбжанэкIэ зэхуихьэса Іэрытхэм лъэпкъ усакIуэшхуэ Щоджэнщыкъу Алии хигъэлпIауэ щытащ, и псалъэ зэрыхилъхьари щэхукъым. Алий Амдурахьым кIэщI-кIэщIурэ къыкIэлъыкIуэрт, и унэ куэдрэ кьихьэрт. ЗыгъэпIейтей Іуэхугъуэхэм ехьэлIауэ ахэр зэпсалъэу жэщ мащIэ ягъэкIуакъым. Щоджэнщыкъуэ Зеикъуэ кьыщыкIуэ махуэхэм я фэепльыщ ноби «Алий и мывэкIэ» еджэу Жьэрэкхъуэрэ джабэм телъ мывэжьыр. Амдурахьым и Іэрытхэм я щхьэ кьрикIуар, ди жагъуэ зэрыхъунщи, кьытхуэщIакъым.

«Ўзэрыуейуэ хъумэ - уунэхъуэрэт», жыхуиIэращи, Амдурахьым зыщIэхъуэпсэхэм телэбэну хунэсакъым. Зи нэгум нэху кьрих егъэджакIуэр, илъэс пщыкIытI нэхъ мылэжьауэ, зауэжь блэкIам и мафIэм 1942 гъэм хэкIуэдащ. Сытми хуэIэпIэсэ, кьуажэ щIалэгъуалэр «ууей-сысейкIэ» зэхимыдзу псори зи зэхуэдэ, бгъэдэлъ щIэныгъэр нэхъыбэм яльитгъэIэсыну хущIэкъу щIалэм и псэм ищIа хуэдэт кьызэримыгъэззэжынyр. Зауэм щыдэкIым, и щхьэгъусэм уэсрт хуищIыгъат, гугъу ехьми, лажьэ хэтми, быныр иригъэджэну, Іэщ1агъэ яригъэгъуэтыну. Лым и псалъэр щхьэгъусэм игъэзэщIащ - Амдурахьым кьыщIэхъуа щIэблэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зезымытауэ куэд яхэткъым. Абыхэм ящыщщ зи щIэр кьущIэрайуэкIэ, ноби зыхуэтэджэ Шафий Хьэчим.

Бжыгъэхэм я къафэ

Илъэс 33-рэ фIэкIа мыхъуу зи доктор диссертацэр пхъызыгъэкIа Нэхущ Іэдэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэм, зыдэлажьа цIыху цIэрыIуэхэм щатепсэлъыхьым жиIэрат: «Хэку зауэшхуэр мыхъуатэмэ, си пIэкIэ мыбдеж иджьпсту щытынyр нэгъуущI адыгэлIт. Зы шэч хэпхьыжьауэ щIэныгъэлI гъуэзэджэ кьыхэзыкIыну зэрыщытам. СызрихьэлIаxэми, сызыдэлажьэхьэми абы хуэдэу егъэджакIуэ нэс яхэтауэ сщIэкъым. Зи гугъу сщIыр си Гъэгугъэльэгъуэу щыта, Зеикъуэ кьуажэ щыщ Шафий Хьэчимщ. ЗэхэщIыкI ин дыдэкIэ ТхьэР зыхуэупса а цIыху щэджащэм и гугъэхэр зауэ бзаджэм кьызэпиудами, кьызыхуигъэщIар арагъэнт - зэуапIэм кьызэрикIыжу абы зритIыжащ. НэхьыфI уиГъэлъэхьуэну есэпым хэзыщIыкI егъэджакIуэр, ди насыпти, кьытхьыхьэжащ. Абы нэхъ щапхъэ дэгъуэ, абы нэхъ сыздэплъеин сыщIэлъыхьуэн щымыIэу гъуазэу сиIащ Шафий Хьэчим. Си гъащIэ псом кьурибыдэу фIыуэ зыгуэр злэжьамэ, абыкIэ фIыщIэ псори зыбгъэдэлъу кьэслъытэр си егъэджакIуэрщ...»

ЩIэныгъэлIым фIыщIэ хуищу псалъэ гуапэ зыхужьиIэгъа Хьэчим, пэж дыдэу, зымыщIыхурэ фIыуэ зымылъагъуэ кьуажэм дэсакъым. Абы Тхьэм кьритауэ зы санэущIыгъэ гуэр хэлът, узыхуиущим, узыхуиГъасэм Іэмалыншэу уеГъэвлIэн хуейуэ уищу. И Іэнатlэм апхуэдизкIэ гурэ псэкIэ бгъэдэтти, еши псэхуи имыщIэу ар щIэщыгъуэ еджакIуэхэм зэращищынум, и дерсыр зэхэщIыкIыгъуэу зэрабгъэдилъхьэнум хущIэкъурт. Иригъджахэм Хьэчим ягу кьыщадгъэкIыжкIэ, гушыIэ хэлъми, и Іэзагъэр кьыхьымыпIагъуэкIынкIэ Іэмал имыIэу, жаIэрт: «Хьэчим бжыгъэхэр апхуэдизкIэ Іэзэу зэхилъхьэрт икIи зэхихьыри, кьифаф1эу кьыпфIигъэщIырт, ар щыпIлъагъуэкIи, а бжыгъэхэм пIъэмыкIыу задэпщIынyи укъыззэщIиIэтэрт».

Бжыгъэхэр Хьэчим «кьыщигъафэ» есэп дерсым щIыхьэну хуэмейуэ зыщIезыгъэх щыIэу кьыщIэкIынтэкъым, апхуэдизкIэ щыIагъэшхуэ хэлъу ар яригъащIэрти. Махуэм еджакIуэхэм кьагурымыIуар, пщыхьэщхьэкIэ иуэзэжьыр, кьамыщтамрэ зэхуамыгъэкIуэфамрэ зэблигъэкIыжырт, уеблэмэ кьыпыувэну дерсым щыхуиГъэхьэзырыр нэхьыбжэкIэ.

Шафийр Налшык кьалэ дэта пединститутым 1939 гъэм щIэтIысхьат, арщхьэкIэ ар кьиухыну хунэсакъым. Дзэм щраджам, илъэсрэ ныкъуэрэ фIэкIа дэмыкIауэ зауэм кьэхъеящ. ЩIалэщIым ищIа гуращэ куэдыр я зэрыхьэзырийм кьызэпиуда хъуащ...

ЗауэлIым и гъэзугаиэ хъыбарищ

«МафIэм имысыр, псым епсыхь», жаIэ. Сыт хуэдиз псэзэпылъхьэпIэ имыхуами, Шафийхэ я щIалэщIэр къэщтакъым, и адыгэ напэм ебэкъуакъым, дзыхь кьрагъэзу пщэрылъ кьыщащIа ІуэхугъуэхэмкIи кьыщIэхуакъым. И пщэ кьыздэхуэ хьэжьым и инагьыр нэхъри Шафийм зыхригъащIэу кьыщIэкIынт «Іэщэр кьыщIэпщтэр узыдэкIа уи жьэгурэ ущалъхуа уи Хэкурэ пхъумэн щхьэкIащ, абы ящхьэкIэ кIуэ хьэжь уиIэкъым - яхуэсакъ!» жиIэу и адэм кIэщIу, ауэ хэкъуэзауэ кьыжриIа и псалъэхэм.

Ялэ хъыбар. Зауэм и дзытхэнэ зы махуэри зэхэгъэкIыпIэт Хьэчим дежкIэ. Ауэ, зэрыжаIэщи, и щым икIунэр зыхуэздизыр япэ махуэ дыдэкэм нахуэ хъуат. Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеим Шафийр Польшэ щIыналъэм пэмыжьжьэу щыIэт. Бийм и тIасхьапIэр зригъащIэну, и гугъэр кьиухутэну унафэ кьыхуащIри, отделенэм хэтхэм я пашэу Шафийр кьрагъэжьат. КьыздэкIуэм, Гьунапкъэхъумэхэм я щыгъынхэр ящыгъыу мотоциклхэм тесу мэзащIагъ гъэгугъэ къэкIуэхэм кьаIуоцIа. ЩIалэ губзыгъэр набдзэгубдзапIпхэу яхэпльэри, гу лъитат абыхэм я Іэщэри, зытес мотоциклхэри совет Іэщ1агъэу зэрыщымытым. Шафийр абыхэм япэури, макъ хэлэтыкIакIэ япиубдащ къэуВыIэну, я тхылъымпIэхэр кьрагъэпльагъуну, кьыздикIымрэ зэдэкIуэмрэ кьыжраIэну, арщхьэкIэ мотоциклхэм тесхэм захъунщIэу хуежьэри, урысыбзэкIэ губжьауэ кьрадзащ:

- Сыт дыкъыщIэбгъэувыIар? Уэ апхуэдэу укъыдэпсэлъэну ухуиткъым, дэ къэрал гъунапкъэхэр дохъумэ, - жаIэри.

Сержант Шафийм ар и фIэщ ихуакъым.

- ЗывмыхъунщIэ, батальон Іэтащхьэр кьэсхьку зызыгъэхьейм и псэр мыбдеж кьышцинэнущ, - жиIэри, и зауэлIхэм ящыщ зы псынщIэу штабым иУэхуащ. Куэд дыди дэмыкIыу штабым кьикIри, батальон Іэтащхьэр кьэсащ, гъунапкъэм и хъумакIуэ зыфIэзыщыжьахэри кьаумысащ. КьызэрыщIэкIамкIэ, ахэр нэмыщэ тIасхьэщIэххэт, советыдзэм зыхагъэпшъхьуэу зыхаугуэшну я пщэ дэлъу кьрагъэхьауэ арат.

Апхуэдэу зауэм хьыха хъуа Шафий Хьэчим абдеж и лIыгъэкIи, и пэжагъкIи зыхуэздэр и гъуэсхэм кьацIыхуащ. МафIэми имысу, псыми имыхьын щхьэкIэ а махуэм щегъэжьауэ тIасхьэщIэх зыхуэ зыхуагъэфэща щIалэм абы и щхьэхэр зригъащIэу щIидзащ. Абы кьыгурыIуэрт зыпэрагъэува Іэнатlэр псэзэпылъхьэпIэу зэрыщытыр, кьэдым я гъащIэри езым елъыта зэрыщыхьэр. Кьыхихари аращ - абы хуэдэжьмрыщ. ЩIэныгъэ зэзыГъуэту, еш имыщIэу абы лъыхьэуэу кьекIуэкIа щIалэщIэм дежкIэ ар гуГъутхъым. Шафийм куэд кьхьпихащ ИщхьэрэКъухьэпIэ фронтым хьыхь 34-нэ армэм и штабым и унафэщI дзэзешэ (полковник) Берлин. Абы Шафийм кьыбгъэдихащ тIасхьэщIэхьым ехьэлIа щэху куэд, кьыщищIащ ныIагъэм, зэгъэзахуэм, акъыл жаныгъэм куэд зэрэльытар. Пщэрылъ кьыщащIэхэр тепльэкъукI кьыхэмыкIыу зэригъэзащIэр, щапхъэ хэлъу зэрызэфIихыр кьыдэтэри, **сержант Шафийм** 1942 гъэм «Хахуагъэм папщIэ» медаль кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

ЕтIуанэ хъыбар. 1943 гъэм и мазае мазэм Новгород щIынальэм хьыхь Старэ Руссэ кьалэм и Іэгъуэблагъэм щекIуэкIа зауае бзаджэми хиубыдащ Шафийр. Кьалэм нэмыщIэм я СС дзэр кьыщыззэтеувыт. Абы теуэну зыизыгъэхьэзыр советы-дзэм ялэщIыкIэ «бзэгу» кьримыхьэлIэу хъунутэкъыми, цIыхуитху гъуэсэ кьыхуащIри, Шафийр тIасхьэ щIихьну пщэрылъ кьыщащIащ. Зы напIэдэхьеиГъуэкIэ утеплъэкъуКIмэ, узыхэкIуэдэнкIэ хъуну Іуэху шынагъуэт. ЩIэхурыхуэщIэ гупым нэмыщэ штабым хуэкIуэ Гъуэгу нэхъыщхьэр лагъымкIэ «яблащ», езы штабыр кьызэрызэгъэпэщари кьахутащ.

Шафийр пщэрылъ кьыщащIам пэлъэщат, и цIыхуи хэмыкIуадэу кьиришэлIэжат. ЗауэлIхэм кьагъэлъэгъуэ хахуагъэмрэ я пащэ сержант Шафийм кьыплыкъуэкIа лIыгъэмрэ я фIыгъэкIэ советыдзэм я гъэгур зэIуха хъуащ. Абдеж щагъэпэзагъуэ лIыгъэм папщIэ щэхурыхуэщIэ гупым и унафэщI **лейтенант нэхъыщIэ Шафий Хьэчим** «Хэку зауэшхуэ» орденым и 2-нэ нагъыщэр кьыхуагъэфэщащ.

Ещанэ хъыбар. Зауэм и мафIэ лыгъейм зэры-Новгород щIынальэ зэщIищтат. ЩIынэхъ гуащIэр Лычковэкъ зэдэжь къуажэм и щIылэжьрат. 1943 гъэр екIуэкIырт, бжьыхьэ кIасэт. Совет къэралыгъуэм и етIуанэ щIыхьэру яльытэ Ленинград кьахудэшыр мыбдеж къращIалъэрэ, щынэхъ мамыр щIыпIэхэм щызэбграшырт. Ар фIыуэ зыщIэ зэпрыпхъуакIуэхэми я гущIэр мы лъэныкъуэм кърахьэлIауэ лъыкIпскIыкIыу лъэныкъуэитIыр щызэпэщIэтт. Мис апхуэдэ зы зауэм зэмышIэ кьэуфхьлъэтэдзэр кьаХэуэри, мафIэгу пщыкIутIым ис сабий лажьэнщэхэр хэкIуэдауэ щытащ.

Бийм зэрапэщIэтын Іэмалхэм ирипсэлъауэ, армэм и штабым Шафийр кьикIыжу и дивизэм здэкIуэжьым, совет офицер фащэкIэ хуэпауэ цIыхуищым якIэлъыщIыхьащ. ПIур цIыхухьт, зы майоррэ капитанрэ, адрей зыри бзыпхъугъэт, узэрепльынкIэ медицинэм и капитант. Хабзэм кьызэрезгъэпын хуэдэу фIэхъус ярихьу ябгъуриуба Шафийм псынщIэу гу лъитащ ІуэхугъэкIэ зыкъыкIэрагъэхуну ахэр иужь зэритыр. Гурыщхъэуэ зыщIа Шафийм закъримыгъащIэу Гъэугу зэхэкIыпIэ гъэрым щынэсым, кьабгъэдокI, ауэ яужь имыкIыу епльакIуэу щIедзэ. «Гур зэрыгъуэм дыгъур ирокъ», жыхуаIэм хуэдэу Хьэчим кьелъагъу ар зэрахэкIыу офицер щыгъынкIэ хуэпаищэр щэхуу псалъэу зэрыхуежьар. Удз кIыр льагэшхуэм кьыхэплъ Шафийм кьеГъэльагъуэ а щым щыпIэр кьыззэраплъыхьыр, зым жиIэр зым зэритхыр. Абы иужькIэ ахэр мэзым хьыхьри, гъэгумкIэ кьаплъэу ууежьащ.

Абы фIирагъэкIмэ, пхузмыузкIуэжьи кьрикIуэнкIэ зэрыхьунyр Шафийм кьыгурыIуэри, мэзым бгъукIэ екIуэкIыуэрэ хьыхьри, гъэзугаплъэхэм я щIыб кьыдэувващ. Зэуэзэпсэу я пащхьэ ящхута Шафийм абыхэм я Іэр яIэтыну унафэ щахуищIын, Іэнкуну зы тIэкIурэ кьеплъащ, иПIанэ зрачри, щIэпхъащ. Зыр Шафийм зэуэ иригъэпсыхащ, цIыхубзри, шэ зыпхыкIа лъакъуэм имыгъакIуэу, джэлащ, ещанэр - майор щыгъын зыщIыгъыр, и Іэр иэтри, зэщIэувыыкIащ. Щыри, кьыззэрыщIэкIамкIэ, нэмыщэ тIасхьэщIэхэт, противорэз яIыгъым «хъыбарых» цIыкIуэхэр хэщIыхьауэ абыкIэ щIыпIэм щекIуэкIыр я штабым нагъэсу арат.

Бийм и щэхурыхущIэ гупыр кьыщIигъэщу зэрапэщIэувам, ахэр кьыщиубыдым зэрихьа лIыгъэм папщIэ **лейтенант Шафийм** «Хэку зауэшхуэ» орденым и 1-нэ нагъыщэр кьратащ.

МащIэкъым апхуэдэ хъыбару зауэр кьезыхьэлIахэм кьахуэIуэтэжыну. ПкужьыIэжыр нэхъыбэщ, ахэр гум и лъащIым щыхъумащ. Кьыщыззрыдзхьей ззэзмызэри, езы лIыхъужьхэм зэрыжаIэщи, гужь дагъэкIщ - хэт гъащIэр зи жагъуэр, ар ууейми, хамэм ейми...

Шафий Хьэчим и псэ еблэжакъым, хэт и щIыб сыдэувэн, жиIакъым. Абы кьыхуагъэфэщащ «Будапешт кьызэращтам папщIэ», «Венэ кьызэращтам папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр. Дэтхэнэ зыри цIыхухьу нэпс шыгъэкIэ тхьэщIащ, гугъэ мыухыжкIэ псыхащ. Зи псэр зауэм кьыхэзыхыжа щIалэм иужькIэ куэдрэ жиIэрт а илъэсэхэр езым дежкIэ гъэунэхуплI кьудейм кьыщымыкIуэ щIыпIэ щыIам. Ар ящыщщ Куп Исмел-хьэжьыкьымрэ кьуажэдэс куэдым КъурIэнэр езыгъэщIа Нэхущ Мамышь-ефэндыжьымрэ Мухьэмэд-Шафихь и гъэсэныгъэ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зи гугъущхи зи гъащIэри езыта Шафийхэ я лъэпкъыр кьыщежьэр Мухьэмэд-Шафихь дежщ.

● ЕхъулІэныгъэ лъагэ

«Дыжьын къабзийр» зи тыгъэ Хур Мадинэ

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я зэфІэкІкІр щагъэлъагъуэ ЕлІанэ урысейпсо зэпеуэм, УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэмрэ щІэныгъэм зегъэужьыныжьмкІэ абы и федеральнэ Іуэхущ1апІэм Лъэпкъ щІэныгъэ Іуэхухэмкіэ и институтымрэ къызэрагъэпэщым, ди республикэм къыбгъэдэкІыу хэтахэм ящыщщ Налшык дэт курыт школ №26-м и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ Хур Мадинэ.

ЗИ ІЭНАТІЭМ игури и псэри хэзылъхьэ бзылъхугъэ цІыкІым и цІыр ипэкІи фІыкІэ къэІуащ. Ар мызэ-мытІэу пэрыт щыхъуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм и унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, и Іуэху зехьэкІэ пэрытым и щыхьэту къыхуагъэщащ КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкІэ кьалэ департаментым къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр.

Мадинэ Урыху (Къузгуэгъэкъуей) кьуажэм кьыщалъхуащ, абы дэт курыт школри екъулІэныгъэ иІэу къуихащ. Егъэджакіуэ Іэщ1агъэм зэрысабийрэ щІэхъуэпсыпрэ ар, псом хэмыдэу анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ яхуэлэжьэныр и гуращэт. Езым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ хэкупсэ гъэсэныгъэм и кьежьапІэр и адэшхуэ-анэшхуэхэу Быцрэ Гуащэгъаргъэщ. Абыхэм пщащэ цІыкІур куэдрэ щІагъэдэІуу щытащ адыгэ Іуэрыпуатэм щыщ хъыбархэм. Лъэпкъ гъэсэныгъэ и лъэныкъэкІэ нэхъыжьхэм яубла Іуэху дахэм пащащ Мадинэ и адэ-анэ Хьэзрэтэ Ислъамэ ФатІимэрэ. Абыхэм быныр драгъэхьэхащ лъэпкъ щэнхабзэмрэ Іуэрыдж1эмрэ. Апхуэдэ унагъуэм щапІа сабийм и псэм Хэку лъагъуныгъэ къыщымыушынырэ Іэмал зимыІэт.

А гупсысэхэр и гуэрыгуэльагъуэу, школ нэужьым Хурыр щІэтІысхьащ икІи екъулІэныгъэкІэ къыуащ Налшык дэт педколледжыр. Бзылъхугъэ зэчиифІэм егъэджакІуэным и япэ лъэбакъуэхэр щичащ ильэс 20-кІэ щІэщыжьа курыт школ №13-м. Мадинэ япэ мазхэзэм къыщыщІэдзауэ кьыгурыІуащ сабийм анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ фІыуэ евгъэльагъэри, дебгъэхьэхьн папщІэ, егъэджакІуэхэми абыхэмкІэ зэфІэкІ яІэн зэрыуейр. Бгъэдэль щІэныгъэм хигъэхьэзэн мурадкІэ, зэрылажьэм хуэдэуре, ар зэуэ щІэтІысхьащ еджапІэ нэхъыщхьэу ТІум: КъБКъУ-м и филологие къудамэмрэ Гъязоджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтымрэ икІи ахэри екъулІэныгъэкІэ къыуащ.

Урысейпсо утыкум къыщихьа текІуэныгъэм хуэм-хуэмурэ зэхуэсІуа Хурыр. АбыкІэ егъэджакІуэм сыт щыгъуи унэтІакІуэ къыхуэхъуащ щыІэжьа школым и Іэщ1агъэлІ гупыр. Мадинэ школым, республикэм къыхуихьа текІуэныгъэм и пэкІэ, а Іуэхущ1апІэр «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ зэпеуэм къыхэжаныкІри, УФ-м и курыт еджапІэ нэхъыдфІхэм халъытащ, абы папщІи сом мелуан хъу ахъшэ саугъэт къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу Хурыр щылажьэ еджапІэм мызэ-мытІэу къыдфІащащ. «ПІэщІыгъуэм и школ нэхъыдфІ», «ИльэсыкІи и школ нэхъыдфІ» щІэ лъапІэхэр.

ХУРЫМ ита «мастер-класс» дерсыр теухуат ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, хабзэхэм, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ цІыхухэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэ екІур кьэгъэльагъэуэным, апхуэдэуи ди кэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэу зэригъэувым. УФ-м и щІыналъэ зыбжанэм къыкІэ егъэджакІуэ 35-рэ зыхэта «Си бзэ - си псэ» презентацэм адрейхэм къащыхэщащ ар. Дахэкиъэ зыбжанэм кьриубидзу Мадинэ хуэдфІэкІащ Бэсхьэрдей-Балъкъэрми, абы и кьалащхьэ Налшыки, щылажьэ курыт школми, и Іэщ1агъэми ятеухуа хъыбар хьэлэмэт, видеогъэльэгъуэныгъэ хэтрэ адыгэ щыгъуэжу, кьиІэзэхуэсахэми кьэпщытакІуэ гупми и фІэм егъэджакІуэным и япэ лъэбакъуэхэр щичащ ильэс 20-кІэ щІэщыжьа курыт школ №13-м. Мадинэ япэ мазхэзэм къыщыщІэдзауэ кьыгурыІуащ сабийм анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ фІыуэ евгъэльагъэри, дебгъэхьэхьн папщІэ, егъэджакІуэхэми абыхэмкІэ зэфІэкІ яІэн зэрыуейр. Бгъэдэль щІэныгъэм хигъэхьэзэн мурадкІэ, зэрылажьэм хуэдэуре, ар зэуэ щІэтІысхьащ еджапІэ нэхъыщхьэу ТІум: КъБКъУ-м и филологие къудамэмрэ Гъязоджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтымрэ икІи ахэри екъулІэныгъэкІэ къыуащ.

Урысейпсо утыкум къыщихьа текІуэныгъэм хуэм-хуэмурэ зэхуэсІуа Хурыр. АбыкІэ егъэджакІуэм сыт щыгъуи унэтІакІуэ къыхуэхъуащ щыІэжьа школым и Іэщ1агъэлІ гупыр. Мадинэ школым, республикэм къыхуихьа текІуэныгъэм и пэкІэ, а Іуэхущ1апІэр «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ зэпеуэм къыхэжаныкІри, УФ-м и курыт еджапІэ нэхъыдфІхэм халъытащ, абы папщІи сом мелуан хъу ахъшэ саугъэт къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу Хурыр щылажьэ еджапІэм мызэ-мытІэу къыдфІащащ. «ПІэщІыгъуэм и школ нэхъыдфІ», «ИльэсыкІи и школ нэхъыдфІ» щІэ лъапІэхэр.

ХУРЫМ ита «мастер-класс» дерсыр теухуат ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, хабзэхэм, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ цІыхухэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэ екІур кьэгъэльагъэуэным, апхуэдэуи ди кэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэу зэригъэувым. УФ-м и щІыналъэ зыбжанэм къыкІэ егъэджакІуэ 35-рэ зыхэта «Си бзэ - си псэ» презентацэми адрейхэм къащыхэщащ ар. Дахэкиъэ зыбжанэм къриубидзу Мадинэ хуэдфІэкІащ Бэсхьэрдей-Балъкъэрми, абы и кьалащхьэ Налшыки, щылажьэ курыт школми, и Іэщ1агъэми ятеухуа хъыбар хьэлэмэт, видеогъэльэгъуэныгъэ хэтрэ адыгэ щыгъуэжу, кьиІэзэхуэсахэми кьэпщытакІуэ гупми и

пащхьэ ирилъхьэн. Ауэ щыхъукІи, егъэджакІуэм и макъым кьыдэкІуэу, утыкум щыІуащ и гъэсэн щыкІуэкІ я псалъэхэри. Ахэр жыджэру тепсэльыхьырт я лъахэм и дахагъэм, я кьалащхьэм и уардагъэм, унэ етІуанэ яхуэхъуа я школым щекІуэкІ лэжьыгъэ щхьэпэм.

КупщІафІэу икІи хьэлэмэту зэхэухуэна а презентацэм елпъахэм хуабжьу гунэс ящыхъуащ Мадинэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и кьэфакІуэ пашэхэу БищІо Замир, Бейтыгъуэн Аслъэн сымэ ящІыгъуу игъэзэщІа кьафэр. Абы кьыхэщырт бгырысхэм я лыгъэри, уардагъри, бзылъхугъэм хуащІ пщІэмрэ нэмысымрэ я лъагагъри. Адыгэ фащэр зи Іэнкъ1пэкІ лантІэм екІупс Мадинэ утыкум щигъэльагъуэ образыр ди Іуэрыпуатэм хэт хур пщащэ тхьэлухудым и теплъэм хуэкІуэпст. ЕгъэджакІуэ Іэкіуэльакіуэм, артисткъ зэчиифІэм и зэфІэкІ льагэхэм кьэпщытакІуэ гупыр имыльэжуу кьэнэнт?!

Ди анэдэлъхубзэм и новбэрей щы-тыкІэм, и кьэкІуэнум гулъытэ ин хуэзыщІ, абы и екъулІэныгъэм хуэлажьэ хэкупсэ куэд ди лъахэм зэрисым шэч хэлъкъым. Мадинэ и «Дыжьын кьабзийр» я Іуэхум щыхьэт техуэ нэщэнхэхэм ящыщ зыщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Тырку

Гулъытэ хэха зыхуэфащэхэр

Дуэджэ университетым и адыгэбзэ къудамэр ятеухуа къэзыуха еджакІуэхэм ящыщу Тащчы (Тхьапс) Яасин интернеткІэ дыдэуэрэщащ. Адыгэбзэ егъэджэн икІи егъэщІэныжьмкІэ щІэуэ техникэхэм толъжьыс ар. Bzefit.com сайтымкІэ дерсхэр ярет, анэдэлъхубзэр зэзыгъашІэхэм, Іуэхум екъэлІа псори езым игъэхьэзырурэ. Абы упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

Хьэвжокъуэ Эрдогъан

- Яасин, уэ сыт хуэдэ щІыкІэкІэ зэбгъэщІа адыгэбзэр, абы дэнэ ущыхуеджа?

- 2014 - 2019 гъэхэм Дуэджэ университетым и адыгэбзэ къудамэм сышеджащ. Абы сызэрыщІэса илъэситхум адыгэбзи, урысыбзи щызэзгъэщІащ, инджылызыбзэми сыхуеджащ. Сэ армырамэ къэбэрдей диалектыр къызгурыІуэрт, ауэ сыпсэльэфыртэкъым. 2014 гъэм сызыщІэтІысхьа адыгэбзэ къудамэм кІаха диалектыр щызэзгъащІэу щІэздзащ. Абы сыхуеджэжу, си къэбэрдей диалектри зэкІэуташ. Иджыпсту диалектитІри зэран имыІэу къызопсэльыф икІи дерси сотыф.

- Жылэ еджапІэхэм егъэджакІуэу, гъэсакІуэу ущылэжьэфын щхьэкІэ сыт хуэдэ зэфІэкІхэр убгъэдэлъын хуей?

- Япэрауэ, адыгэбзэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ убгъэдэлъыпхъэщ. ЕгъэджакІуэу улэжьэну хуитыныгъэ узэриІэм щыхьэт техуэу дэфтэри щыІгъын хуейщ. Сэ щезгъаджэ Іэхъущ1апІэхэу Истамбыл - Багъджылар икІи Газиосманпэщ щыІэхэм щыІэкІэ хабзэхэр апхуэдэщ. Абыхэм еджакІуэ куэд щыІэщІ. Псалъэм папщІэ, Истамбыл Багъджылар жылэ еджапІэм епхауэ узэнейщ. Адыгэ Хасэм щыІэгъаджэ щІыхь 29-рэ. Истамбыл Газиосманпэщ щыІэ Адыгэ Хасэми еджакІуи 10 хуэдиз щыІэщІ.

Абыхэм нэмыщІ, зы илъэс ипэкІэ кьыззэгъэпэща Бzefit.com сайтми Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ Германиемрэ ящыщу цІыхуи 4, Тырким щыпсэууэ еджакІуи 8 мэхъу. Сайтым щызыІэ дерсхэри хэту, тхьэмахуэм сыхьэт бжыгъэу 30 - 35 хуэдиз сиІэщ.

- Еджэным къыщыбгъэсэбэп дэфтэрхэр, тхылъхэр зэбгъэгъуэтыжьымкІэ гугъуехьэхэр щыІэ?

- Адыгэбзэ зэгъэщІэныр езыгъэжьа къудейхэр щхьэхуэу зы методикэкІэ изогъаджэ. Техникэр зэрыщхьэпэри жыІэн хуейщ. Адыгэбзэр зззгъэджхэм я щІэныгъэр нэхъ куу хъуху, сэри методикэр сохъуэж. Езгъаджэхэм кьахокІ, сэ ест дерсхэм нэмыщІ, нэгъуэщІ тхылъ гуэри адыгэбзэкІэ зимыІэкэр. Апхуэдэхэм нэхъ сакъыу сахуэщытщ.

- Адыгэбзэр еджапІэхэм кьыщыхахын папщІэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэ ядегъэкІуэкІыпхъэ, псом хуэмыдэу адыгэ адэ-анэхэм?

- Зи гугъу пщІы Іуэхугъуэр ди хасэхэр илъэс зыбжанэкІэ зэлэжьу убзыхуэ иджыкІэ мыхъуащ. Сэ сызэрегупсысымкІэ, егъэджакІуэ Іэзэхэр зыхэт бзэ комиссэ гуэркэр кьызэгъэпэщын хуейщ, а Іуэхур я пщэрыпхъ. Адыгэхэр кьэдгъэушын хуейщ, ди анэдэлъхубзэм и кьэкІуэнур зэрыгуэзвэгъуэр ягурыдгъалъуэ.

Епсэльар
ХЬЭВЖОКЪУЭ Эрдогъанщ.

Макъ телъыджэхэр

А бзэм (адыгэбзэм) и макъхэр апхуэдизкІэ телъыджащ, зэмыфэгъущи, жьыбгъэр зэрыфийр, пщІащэр зэрыщхъыщхъыр, псы уэрым и даущыр, щІыр зэрыбаущ, псым хэлъ мывэджейхэр зэрызэнтІэлур, гур кьызэреуэр, бзур зэрыбзэрабзэр зыхыбощІэ, абы ирипсалъэу щызэхэпхкІэ. Ар щыхьэт зытехьэуэр зыщ: адыгэбзэр хуэщІащ дунейм и кьэхъуГъэ псори кьэрипІэуэтэным.

БЛАРАМБЕРГ Иоганн,
урыс щІэныгъэлІ. 1827 гъэ

* * *

Пасэрей кавказ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщщ адыгэхэр. Абыхэм я бзэр адрей кавказыбзэхэм псалъэкІи ухуэкІэкІи къащхьэщокІ, я макъхэр апхуэдизкІэ кьэпсэлъныгъуейщи, сэ сызыщыгъуаз эалфавитхэм псори я кьыхуигъэтІэсэнкъым. Дэтхэнэ макъми кьэпсэлъыкІэ зыбжанэ иІэщ, зы европеи бгъуэтынукъым ахэр кьыхуэпсэлъыну.

БЛАРАМБЕРГ Иоганн,
нэмыцэ генерал. 1834 гъэ

Лъэпкъ тхыбзэм и махуэр «Адыгэ Іуэрытхк1Іэ» ягъэлъап1Іэ

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.)

Іуэрытхыр зытратхыхьыну къыхахар КІэрашэ Тембот и «Шапсыгъ пщащэ» тхылъэм щыщ пычыгъэуэ. Зи ныбжькІи зэтемыхуэу, адыгэбзэмкІэ зи зэфІэкІхэри зэхуэмыдэ псоми жэуапІыныгъэшхуэ яхэлъу, я гукъыдэжьыр лъагэу, дэрэжэгъуэ яІэу сыхьэт енкІэ ятхащ адыгэ диктантыр. ЖыІэпхъэщ я лэжьыгъэ Іэнатіэм къыпэрыІыу кьекІуэлІахэм я бжыгъэр зэрымымэщІар. Зым адрейр тригъэгушхуэжу, зыхэт Іуэхугъэр лъэпкъ Іуэхуу зэрыщытыр здаІыгъыу елэжьахэщ ахэр тхыгъэм.

Ди республикэм и кьуажэхэм дэт еджапІэхэми щатхащ мы махэм Адыгэ диктант. Еджакіуэ, егъэджакІуэхэм нэмыщІкІэ, абыхэм кьекІуэлІащ хъыбарыр зыІэрыхьа, Іуэху щхьэпэм хэтыну гукъыдэж зыщІа кьуажэдэхэр. Апхуэдэу, Аруан щІыналъэм Щэнхабзэмкіэ и управленэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Зыхьэ Оксанэ** и гуащІэ хилъхьэри, кьуажэдэхэм папщІэ махуэшхуэ кьыззэригъэпэщат. Кьызэхуэсахэм адыгэбзэмкІэ я зэфІэкІыр тхыгъэм кьыщагъэльэгъуащ, лъэпкъ джэгур ирагъажьэри, гукъыдэж яІэу, куэду махуэшхуэр ирагъэкІуэкІащ.

ДАХ-м кьыхьихьэ хасэхэр щызэхэт щІыпІэхэми кьыщызэрагъэпэщат Іуэхугъуэ дахэр. Тыркум щыІэ КАФФЕД-м хьихьэ хасэ зыбжанэм «Адыгэ диктантыр» кьыдаІыгъащ хэкурыскэм. Абыхэм ящыщщ Анкара, Истамбыл, Мараш, Къайсэр, Дюздж кьалэхэм щызэхэт хасэхэр. Іуэрытхэм жыджэру хэтащ Молэ Левент, хасэхэм я тхьэмадэхэр, адыгэбзэмкІэ курсхэр езыгъэкІуэкІ егъэджакІуэхэр.

Германием и кьалэ зыбжанэм, Европэм щыпсэуэхэм я щэнхабзэ федерацэм къызэщІигъэуІуэри, хэкурыскэм ирахьэжьа Іуэху щхьэпэм, нэгъабэ хуэдэу, жыджэру пащащ. Ганновер, Дюссельдорф щыпсэу щэрджэсхэм диктантыр ятхащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщІакІуэ гупым хэт **Дыщэкі Эртан**, электрон Іэмалхэр щызэгъусэбэпу, и лъэпкъэгъу зэкурыскэм гуапэу кьехьэуэхьащ махуэшхуэмкІэ:

- «Европэм щыпсэу адыгэхэм ди мащІэр куэд зыщыщІ, Іуэхугъуэм кьрихьэлІар апхуэдэу куэд мыхьуми, ди адыгэбзэгъуэхэм дызэрыфщІыгъур кьывэдгъэщІэну ди мурадащ. Мы Іуэхум адыгэбзэм папщІэ зигу-зиІ узыр зэрынэхъыбэр кьыдигъэлъэгъуащи, ар икъукІэ гуапэ тщыхъащ, дызэдэлажьэмэ, дызэкъэтмэ абы ифІ кьызэрыдэкІынум шэч кьытесхьэркъым».

Урысей Федерацэм хуабжьу жыджэру диктантым щыхэтащ щІыналъэ зыбжанэ. Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий** кьуажэ зыбжанэм щриГъэкІуэкІащ Адыгэ Іуэрытхьр. Абы хэтыну гукъыдэжащ, мыхьэнэ зыщІахэр мащІэтэкъым. Еджакіуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэгъусэу зы ІэхуГуэ щыхэткІэ, абыхэм кьагуроІуэ а Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Мейкъуапи Іуэрытхыр купщІафІэу щрагъэкІуэкІащ. Анэдэлъхубзэм и пщІэр кьэІэтыным хуэгъэза Іуэхугъуэр республикэм кьыщызэгъэпэщыным жыджэру хэлэжьыхьащ щІэныгъэлІхэри, Адыгэ Хасэм хэтхэри.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэт, Ставрополь щыІзэхэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шыбзыхъуэ Юрэ** фІыуэ кьызэригъэпэщат Адыгэ диктантыр. Анэдэлъхубзэм хуащІ гупым хэт Іуэхугъуэхэр кьызэремыхуІэнур. КьызэгъащІыпхъэщ КъБР-м и щІыналъэхэм щыІэ егъэджэныгъэмкІэ управленэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІахар Іуэрытхым теухуауэ жыларгъуэхэм хъыбар яІэрыгъэхьэныжьмкІэ, хэтыну гукъэкІ зыщІахэм зэрыгъэпэщыныжьмкІэ. Си гуапэщ я щІэ къысІуэну Бахьсэн, Налшык къалэхэм, Тэрч, Аруан, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Пэсхэн щыналъэхэм щыщ Нанэ Любэрэ Даур Мадинэрэ, Ирыгу Риммэрэ Балъкъэр Альбинэрэ, Борсэ Альбинэрэ Псэныкъуэ Іэминатрэ, ЛІыІэщ1ын Людмилэрэ Атэлыкъ Альмирэрэ.

Дунейпсо Адыгэ диктантым кърикІуэхэм егъэджакІуэ нэхъыфІхэр хэпльэжащ, икІи ятхэр пэжыкІэхэр нобэ, Адыгэ тхыбзэм и махуэм, Налшык щызэхэтыну ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэхуэсым щагъэльэпІэнущ. Іуэхугъуэм зэрыхэтам щыхьэт техуэу электрон сертификатхэр Іэрагъэхьэжьынущ.

Ди гугъэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм ирипсалъэ Іуэху дахэм адэкІи зиубгъуну! Адыгэбзэр хъуэмын, щІэблэм ар егъэщІэным, хабзэм щІэпІыкІыным ехьэлІауэ дэтхэнэ лъэпкъ щІыхуми и пщэ кьыдэхуэ кьалэныр игъэщІэу дызыхэт зэманым хэпсэукІыфмэ, лъэпкъми лей кьытехьэнкъым.

ЩОДЖЭН Іэминат,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къудзэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КЪУЕКЪО Налбый

Адыгей

Си адыгабз

Нарт лъэпкъым уфэдэкъабзэу,
Укъэзгъотыжьыгъ, сиадыгабз,
Сыдэплъыешъ сашъхьагъы огу
кьабзэр
Зигъэадыгабзэу нэфынабз.
Сыдэплъыешъ - тыжьынэу чъыгэу,
Пщэсыр сашъхьагъы
къыщэкІуашэ,
Отэбэчэу, пчэнэ ищыгъэу
Адыгабзэр фэд чылэ пшъашъэм.
Пчэдыжьыпэмэ янэфы ткІопсымэ
КъаРэкІо осэпсы лъапшъэу,
Адыгабзэ гущыІэр умышсэмэ,
Тыдэ укъинкІыгъ, о пшъашъэр?
ЗгъэшІагъи, згъэшІэщт илъэси
УкъыырэкІо о жъогъо Іапшъэу,
Іэпэ закъокІэ огум унэрэси,
КъэбгъэгущыІэн о, пшъашъэр.
КъэгущыІэн фэмыщыІэу,
ГъэшІэн насыпыр игъотыгъэу:
Адыгабзэм урэгущыІэшъ,
Адыгабзэм псэ къыунытыгъэу
Тыдэ кьинкІыни, скъоп, адыгабзэр,
Адыгэмэ кьадэмыхъугъэмэ?!

къалэу Мыекъуапэ

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

КъШР

Адыгэбзэ

Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,
Си гукъыдэж, си гурыфІыгъуэ,
Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,
УэнІэу зыми семыфыгъуэ.
УэнІэу зыми семыиж -
Абыкіи, си бзэ, уэрыд си щапхъэр:
Сэ уи бзэгъкІи сыбенжщ.
Адрейхэр сщІэнуи сыхуопабгъэр.
Уэрыншэм гъащІэр шхын мышут,
И ІэфІи фІэІуи зыхъэмыщІэу,
Мо дыгъэ кьепсыр щхьэкІуэ шут,
АбджкъыззэрыкІуэт вагъуэ мыщІэр.
Жьызіэ щыІэщ псалъэгъэху
Уэ къэбгъэщІэнур къэбгъэщІауэ,
И псалъэ кІапсэр зэрихъэху
УфІэмыІуэхуу, къопэбжьауэу.
Сэ зы дакъикъи семыдэІу
Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм -
Къуршыпс ежэхыр хуэщІкъым дэгу
Абы зыгуэрым хидза мывэм.
Псыр тожри мывэхэр къонэж,
Гъэгу зэрытехьэр и псыпэр
ЗэринэкІар абы гъунэжщ
Мывэ пкІэлъейрэ щхьэдэхыпІэу.
Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыбгъэуэ угурыхуэщ,
ЦІыхугу дэтхэнэрэ къотІэщІ,
Уэ ущагъабзэкІэ Іэрыхуэу.
Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм къызэкъуохри уи кьарур,
Хеищ1э джатэу ар уогъабзэ.
Анэ быдзышэу уэ УІэфІщ,
Ущыщхьэщыскіэ сабий гущэм,
Гухэль уэрэди жыбоІэф,
ЗэригъэзэкІыу пщащэ гущІэр.
Уэ уафІэжьгъэйми къэбгъэщІащ
Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщІащ
Иджыри мащІэкъым уи натІэр...
Си лъэпкъым щІэблэ кьыщІэхъуам
Насыпп вагъуэбэу ужьыхэпсэу,
Я нэхъ тхъэмыщкІэ ар щыхъуам
УреІэ уэ, си адыгэбзэ!

КъШР, Хьэтъундыкъуей къуажэ

● Іуэху зехьэкІэ пэрыт

ЩІэм и лъыхъуакІуэ Нэхущ Залинэ

Бахьсэн щІыналъэм хыхьэ Къулъкъужьи Ищхьэрэ къуажэм дэт курыт школ №91-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж, филологие щІэныгъэхэм я кандидат Нэхущ (Къаскъуэ) Залинэ зи Іэщ1агъэм хуэІэижь, Іуэху зехьэкІэ пэрыт зиІэ лэжьакІуэщ. ЩІэблэм щІэныгъэ куу яриту, сабийхэр фІым, дахагъэм хуиущийуэ и Іэнатіэр ныкъусаныгъэншэу ирехьэкІ абы.

ЗАЛИНЭ и дерсхэр дапщэщи кьызыкъуэтыншэу зэхэгъэуваш, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэ псори кьыщылъытауэ, Іэмал пэрытхэр лжьыгъэм кьыщигъэсэбэпу. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакІуэр сытым дежи хущІокъу и Іуэху зехьэкІэр зэзыригъэфІэкІуэным, и Іэзагъэм зэрыхигъэхъуным. Ар и зэфІэкІхэмкІэ ядогуашэ кьыдэлажьэхэм, езыр и ныбжькІэ щІалэми, адрей егъэджакІуэхэм яхуэщІэхэпэн чэнджэщхэр яретыф.

Нэхущым и гъэсэнхэр езым хуэдэу жыджэрхэщ, щІэныгъэщІэхэм я лъыхъуакІуэщ, кьэхутакІуэ ныбжьыщІэхэщ. Абы сабийхэр кьыззэрыдихьэхыр бгъэдэлъ щІэныгъэ куум и закъуэкъым, атІэ и хьэл-щэн зэпІэззэрытымкІи, Іурылъ адыгэбзэ кьабзэмкІи егъэкІуэ щІыкІуэр етхьэкъу. И Іуэсэнхэр и Іыгъуэ Залинэ ІэщІ-щІэжьырэ хэтщ школпсо, щІыналъэпсо, республикэ зэпеуэхэм, увыпІэфІхэри кьыщІэх. Залинэ пэрыт щыхьэщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэми, «ЕГъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІа «УФ-м и егъэджакІуэ нэхъыдфІ» кьэралпсо зэхьэзэхуэми. Апхуэдэ зэфІэкІ льагэхэм кьыхэкІыу егъэджакІуэм мызэ-мытІэу кьыкуагъэфэщащ КъБР-м щІыкІуэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ Бахьсэн щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэмрэ кьабгъэдэкІ щыхьэу щІыпІэхэр къызэгъэпэщыныжьмкІэ. Си гуапэщ и щІыналъэ зыбжанэ кьыдэІуэну Бахьсэн, Налшык къалэхэм, Тэрч, Аруан, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Пэсхэн щІыналъэхэм щыщ Нанэ Любэрэ Даур Мадинэрэ, Ирыгу Риммэрэ Балъкъэр Альбинэрэ, Борсэ Альбинэрэ Псэныкъуэ Іэминатрэ, ЛІыІэщ1ын Людмилэрэ Атэлыкъ Альмирэрэ.

Дунейпсо Адыгэ диктантым кърикІуэхэм егъэджакІуэ нэхъыфІхэр хэпльэжащ, икІи ятхэр пэжыкІэхэр нобэ, Адыгэ тхыбзэм и махуэм, Налшык щызэхэтыну ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэхуэсым щагъэльэпІэнущ. Іуэхугъуэм зэрыхэтам щыхьэт техуэу электрон сертификатхэр Іэрагъэхьэжьынущ.

Ди гугъэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм ирипсалъэ Іуэху дахэм адэкІи зиубгъуну! Адыгэбзэр хъуэмын, щІэблэм ар егъэщІэным, хабзэм щІэпІыкІыным ехьэлІауэ дэтхэнэ лъэпкъ щІыхуми и пщэ кьыдэхуэ кьалэныр игъэщІэу дызыхэт зэманым хэпсэукІыфмэ, лъэпкъми лей кьытехьэнкъым.

ЩОДЖЭН Іэминат,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къудзэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтныныгъэр хъуэмыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПН №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.152
Заказ №491